

## Yon Nonm K Ap Sove Kite Prezans Seyè A

65-0217

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Étazini

1 An nou bese tèt nou. Chè Bondye, nou kontan apremidi a pou privilèj sa nou genyen pou rasanble ansanm yon lòt fwa. E se Oumenm sèl, Seyè, ki konn kijan kè nou te dezire moman sa kote nou ka kanpe devan pèp Ou ankò isit la, pou pote Mesaj si vital sa ke nou santi sitèlman ijan nan moman sa. Ou te rezève pou nou kèk jou sa yo la, e nou priye chè Bondye, ke men mizèrikòd ou va sou nou, pou gide ak dirije nou. E bannou bagay sa yo ke nou gen bezwen, Seyè, pou kè nou dezire konnen W pi byen.

2 Nou wè gwo chan mwason an, tou blan, byen mi, e nou konnen ke gren an pre kounye a pou gran tan ranmasaj la. Chè Bondye, nou priye ke W va louvri ankò pay la toutotou nou, pèmèt nou ekspoze nan Prezans Fis la, pandan kèk jou k ap vini yo, pou vin mi pou Wayòm Bondye a.

3 Beni chak kantik ki va chante. Beni chak priyè, e reponn priyè ki va fèt pou chak moun, Seyè. Sove tout pèdi yo. Rele yo tounen nan kay Bondye vivan an, pou vin fratènize, sila yo ki t ap vagabonde.

4 Nou priye, Bondye, ke W va geri chak moun malad ki va vini anba plafon kay nou. Akòde l, Seyè. Ke pa gen yon sèl moun fèb pami nou nan fen reyinyon sa yo.

5 Epi, chè Bondye, la pou nou menm, nou menm ki pretann nan moman sa ke se Legliz, sa ke Yo rele yo, sila yo toupatou nan mond lan ki te soti kite Babilòn pou vin patisipan fratènite mèveyez sa nan dènye jou sa, nou priye, Bondye, ke W va beni kè nou nan yon tèt fason. Nou vrèman grangou, Seyè, epi vide de tout bagay mond lan, ke nou konnen. Seyè, nou mete de kote tout fado ki pran kontwòl nou si fasilman epi kounye a pèmèt nou kouri kous sa ki devan nou la, avèk pasyans. Akòde l Papa. Ke nou kapab ranpli pi plis, vin pi fò, vin meyè Kretyen, alafen sèvis sa, ke jan nou te ye lè nou te antre a. Ke Bondye jwenn tout glwa a, paske nou mande l lan Non Jezi. Amèn.

6 Mwen kwè se yon gran privilèj, aswè a, ke m t ap tann depi kèk tan. Lòt jou m t ap di madanm mwen, m te di, "Mwen tètman sou tansyon pou ap tann mwen rive nan tabènak la." Mwen jis...m gen lòt zanmi, natirèlman, se vre, toupatou nan mond lan, men gen yon lòt bagay konsènan tabènak sa isit la.

Yo te retire m nan pousyè tè ki nan viwonn isit la, lè Bondye te ban m lavi isiba sou tè a; e mwen kwè, si Li tade, mwen va antere isit la kèkpa. Kan L va vini, Li va jwenn mwen kèkpa isit la.

7 Men, ta sanble, gen yon bagay, lè m ap panse a Jeffersonville. Lòt jou mwen te sitèlman melankolik; mwen te di madanm mwen, mwen te di, "Mwen gen nostalji, e m pa konn kisa ki rann mwen nostalgik la, amwenske se akoz

moun sa yo k ap priye pou mwen an.” Mwen te ajoute, “Ebyen, m va...Sèl sa m konnen pou fè se retounen fè kèk jou reyinyon, wè si nou paka jwenn yon bagay ki vin de Seyè a, petèt ke Li vle nou konnen kichòy.”

E gwo, sijè vital ke nou gen devan nou la se *Maryaj Ak Divòs*. E si gen yon kesyon, dwe gen yon repons. Paka gen yon kesyon si pa gen yon repons. Pe enpòt sa l ye a, dwe gen yon repons. Si Seyè a vle, mwen vle eseye pale sou sa, Dimanch pwochen.

8 E la, demen swa, m kwè nou oblije monte isit la nan...Se kijan yo rele lekòl sa? [Frè Neville di, “Parkview.”—Editè a.] Oditoryòm Parkview. Kisa, mesye? [“Segondè Junior Parkview”] Segondè Junior Parkview. Konbyen moun ki konn kote l ye? Ebyen, m sispèk y ap mete siy vizib, se pa vre, Frè Neville? [“Wi.”] Vin...Se jis anwo a la apeprè—apeprè twaka distans yon mil konsa, e va gen yon siy. Ou vire tounen, nan fen wout la. Se yon bèl, bilding sou wotè. Li gen plas kote ou ka lonje bra w, pou w pran nòt sou sa w vle ekri, ak—ak—ak bagay konsa. E mwen sèten w ap apresye l on tijan plis ke w ta dwe, ou on jan kwense nan reyinyon yo isit la nan—nan tabènak la. Ap gen anpil plas, anpil kote pou estasyon.

9 Bon, mwen kwè yo gen yon ti règleman kòm kwa nou te oblije pwomèt pou rete pwòch, se te sa, pa pou vin sou teren an jiska apeprè sizè-trant. [Frè Neville di, “Pa jiska senkè trant; pou w pa la anvan senkè trant.”—Editè a.] E ala yon moman... [Pòt yo louvri a sizè-trant.] Mwen kwè sa t ap yon bon lide pou nou reyini la a sizè trant.

Bon, yo gen yon lòt oditoryòm isit la nan vil la ki ka pran si mil moun chita. Si nou vrèman serye sou sa, yo te ka kite nou gen lòt la a on moman done pou yon gwo reyinyon, petèt kèkpa ete sa kan m va retounen soti a letranje.

10 E konsa mwen kwè nou ka met chita plis ke...Ki kantite nou ka fè chita anwo a la? [Frè Neville di, “Nou ka met chita apeprè kat mil.”—Editè a.] Kat mil. Kifè, ou wè, n ap gen anpil plas. P ap gen zafè depeche. Kidonk vini a sizè trant. E apres tout moun ka vini nan bon lè a, tout moun ansanm, e mwen sèten ou va—w ap jwenn yon bon syèj. Epi li an wotè *konsa*, e—e se yon plas isit la kote w ka ekri ak pran nòt, e latriye. E sa ap kòmanse, si Seyè a vle...

11 M panse kounye a, aswè a, poutèt se reyinyon priyè Mèkredi swa, nou gen...Plas la jis prèske ranpli nèt, kidonk mwen panse petèt nou ta fè mye kòmanse demen swa. Nou te lwe li jis nan espwa ke petèt, si nou te ase pou gen yon debòdman isit la, nou te ka monte anwo a la. Men mwen kwè se...sa t ap mye ke nou monte, èske w pa kwè sa, Frè Neville, pou nou ta monte demen swa? E konbyen moun ki kwè ke se t ap yon bon lide? Epi la ou ka gen anpil—anpil plas. Sa—sa deja lwe; kèk frè nan legliz isit la te peye. Sa jis koute nou senkant dola pa nwit, ki se yon trè, trè...M swete ta gen sa tout kote, ki ka mete chita anpil moun pou senkant dola pa nwit, yon bilding tou nèf, ak bèl estrad. Epi, men nou...

12 Natirèlman, nou va pran yon ofrann, mwen sipoze. Nou pa vle ke se mesye sa yo ki peye sèlman; n ap peye...n ap ranbouse yo. Men se lè nou fini ak depans nou ak bagay konsa, ebyen, lè sa, natirèlman, n ap sispann pran ofrann. Nou pa...

13 Si gen etranje avèk nou, nou te rann sa yon règleman, pou nou pa janm ap mande, ap fè presyon, ap pouse moun bay lajan. Nou pase plato kòlèt la, ki se jis...Sa a se yon ak relijye. Mwen te eseye, anpil fwa, pou pa t menm pase plato kòlèt la, ditou, men sa pa t mache. Ou wè? Paske, bay fè pati relijyon nou. Sa fè pati de devwa nou. Pe enpòt si se jis dis kòk, ou kèlkeswa sa l ye a, oswa senk kòb penich, se tou...

14 Bon nou sonje, Jezi te wè yon vèv ki t ap pase, yon jou, kote mesye rich yo t ap depoze anpil nan richès yo nan trezò a. E vèv sa t ap pase, petèt li te gen kèk timoun, grangou t ap mache bò kote l, e li te bay tout sa l te genyen, twa senk kòb penich. E Jezi te di, "Kiyès ki te bay plis?"

15 Kounye a, si m te kanpe la, mwen t ap di, "Pa fè sa, sè. Nou-nou, gade, nou gen ase lajan." Men Li pa t janm rete manzè. Ou wè? Li-Li te konnen Li te gen yon pi gwo bagay pou li pi devan. Kidonk, ou wè, apre tou, li te gen yon kay nan Laglwa, kote li t ap dirije l. Li pa t janm estope l. Li te kite l depoze twa senk kòb penich yo, paske se te byen ke li te vle fè sa. E li te dwe vle fè sa; e li te yon vèv, ak timoun, e li te gen sèlman twa senk kòb penich pou l viv. Li, li te detèmine pou fè sa. Kidonk, ou wè, lè moun yo vle bay, ou dwe ba yo okazyon pou fè sa.

16 Men m konn panse a sa yo ki kanpe, ak moun k ap di, "Kimoun k ap bay senkant dola? Kimoun k ap bay ven dola?" Mwen kwè se souzestime entèlijans pa w-pa w. Mwen-mwen kwè moun yo reyalize ke sa pran lajan pou-pou òganize yon-yon reyinyon. E mwen pa p janm kite yo fè sa, manadjè yo. Mwen te di, "Nenpòt lè nou ta oblije fè sa, alò se tan pou mwen pou m retounen nan tabènak la. Kidonk, nou pa oblije fè sa." Men mwen-mwen kwè efektifman ke nou dwe pase plato ofrann lan, pou-pou rann sa yon sèvis relijye konplè.

17 Kidonk y ap pwobaleman pase yon ti plato ofrann chak swa, pou di yon bagay tankou, "Ebyen, n ap pran ofrann lan kounye a." Epi yo va pase plato ofrann lan, e sa va-se va fini.

18 E chak swa, si Seyè a vle, mwen kwè Seyè a te mete sou kè m yon Mesaj byen detèmine pou Legliz la. Mwen te al an priyè plizyè jou. E mwen pa p antre twòp nan sa, paske gen yon gran fenomèn ki te rive lòt jou ki te vrèman gran. E kè m ap bat pou di w konsènan sa. Pou kounye a, sijè prensipal la, mwen sipoze, ke pifò nan yo, Billy te di, t ap mande, se te sou *Maryaj Ak Divòs*. Ki se, se yon gran-yon gran sijè, e mwen-mwen pa t konn kouman pou m te abòde l. Mwen te monte al priyè sou sa, e Seyè a te rankontre m. E mwen konnen ke mwen, ak...Mwen pa posede l, men Bondye te ban mwen l; mwen genyen l kounye a. Bondye te ban mwen repons kòrèk la, ou wè, ou wè, e mwen-mwen konnen ke se vre.

19 Kidonk mwen jis pa konnen ankò, petèt, Dimanch mwen ka mande sè nou yo pou jis pa vin nan reyinyon an, yo menm, men mwen-mwen pa konnen. Sa ka depann de si dam marye yo vle vini ak mari yo. Gen-gen kèk vrè bagay vital ki dwe di, verite konsènan sa, e kouman...Kifè nou vle absoliman layite l, kòm ENSI DI SEYÈ A, alò w ap genyen l lè sa. Ou va jis konnen sa k Verite lè sa. E mwen fè l konfyans pou sa.

20 E, kounye a, mwen te anwo a isit la nan restoran an lòt jou, ap manje, e-e Jerry ak yo tout t ap chache nou tout. Yo te di, te di, "Ebyen, nou..." Youn, youn nan ti mesye yo te leve, pou di, zanmi sa te di, "M pral vini an fòm semèn sa," li te di, "yo gen...Oswa, de pwochenn semèn sa yo." Li te di, "Yo gen yon-yon reyinyon, baskèt bòl isit la, oswa

on lòt bagay konsa.” Apresa li te di, te di, “Branham anba la, pral gen yon reyinyon.” Li te di, “M pral sèvi anpil moun manje.” Nan Ranch House la, youn nan kote anwo a la. E yo te...vrèman janti.

21 Mwen apresye nou tout, poutèt se sèten yo t ap di de bon bagay epi fè gam pou nou.

22 Manadjè anwo a la nan Ranch House la te rankontre m lòt maten an. Mwen te antre a apeprè dezè trant di maten sot Arizona. E li te di, “Ebyen, Frè Branham,” li te di, “mwen tande ke w pral gen yon lòt reyinyon.” Li te di, “Mwen te pran moun an plis pou ede,” li te di. E li te ajoute, “La mwen vle di yon bagay, moun sa yo ki soti anba la,” li te di, “yo vrèman janti.” Bon, sa te fè m santi m vrèman byen parapò a nou menm, ou wè.

Paske, apre tou, mwen on jan santi ke nou se ti maymay pa m, e mwen–mwen, oswa pitit mwen, pito. Kidonk mwen... *Ti maymay* pale de bouk, e nou pa bouk. Nou se ayo pa m. Kijan sa? Nou se ayo Seyè a ke Li pèmèt mwen ap nourri. E mwen gen konfyans ke sa va–sa va...ke Li va pèmèt mwen fè sa. N ap vanse sou wout la.

23 E konsènan *Maryaj Ak Divòs* sa, mwen te vle pale sou sa depi tan Sèt So sa yo. Nou konnen, mist-...Tout mistè yo te sipoze revele ladan yo, ouvèti Sèt So sa yo, se tout mistè Bib la. E m ap panse kounye a, ke mwen on jan ap vyeyi, mwen–mwen kwè ke mwen...Mwen te panse ke m ta fè mye omwen mete l sou bann, kòmka si yon bagay ta rive m, alò Legliz t ap mande petèt, “Ap mande kisa l te gen nan panse l. Kisa li t ap di?” E tout sijè sa yo ki sanble tèlman difisif; mwen panse, ...avèk èd Seyè a, m pral eseye pote yo pou nou. E alò–alò si yon bagay rive, e si sa bay ke mwen ale anvan L vini, nou–nou va genyen l anrejistre lè sa.

24 Mwen kwè nou gen kèk nouvo liv ki soti. Mwen wè Sè Vayle; mwen pa konn si doktè a la ou pa. Èske l isi a Sè Vayle? Li pwobableman nan reyinyon an. M pa wè l. Men, o, wi, byen lwen dèyè a. E Frè Vayle te ekri yon liv, e se yon...mwen te panse, mwen kwè yo te di jodi a, se de. Frè Vayle, èske se sa, ou gen de liv isit la kounye a? De liv. Bon, mwen pa konnen, mwen...Fason m konprann, sè ke chak moun gen yon kopi. Kidonk mwen... Si w...Se fason sa mwen konprann li. Mwen ka gen tò sou sa.

25 Answit *Sèt Aj Legliz La* te fini (Èske se sa, Frè Vayle?) e li nan enprimri kounye a. E mwen konnen nou vle genyen yo, paske yo reponn on pakèt kesyon ki te sou kè nou. E apres, ebyen, nou pral eseye pran *Sèt So* ki te louvri yo, nou konnen, sou fòm liv, pou ke chak moun ka li jan yo–jan yo vle, ka konprann epi etidye l. Mwen panse lè l va ekri, si li...

26 Dabò, n ap pran l dirèk soti sou bann lan, fason li te ekri oswa pale a. Ou konnen, ou ka preche yon mesaj, sa se yon bagay, e apres ekri yon liv se yon lòt. Ou wè, tankou sa bay ke mwen konn touche yon sijè, tankou m te ka di w, ou t ap konprann, m ta ka di, “Bon, semans sèpan an,” ou wè.

Ebyen, la, moun k ap li liv sa, si w retire sa, ka ap mande, “Kisa ki semans sèpan an?” Ou wè? E yo pa t ap konnen. Si sa ta rive atenn yon tèl plas tankou Princeton oswa yon kote, epi yo–yo ta panse ke nou te dè moun san entèlijans.

Kidonk mwen te gen Frè Vayle pou on jan ede m avèk sa pou gade menm liy panse a, epi mete l ak bon règ gramè. E mwen sèten ke gramè pa mwen yo t ap...Sa t ap yon mistè pou yo, ase sèten. Kidonk...Frè Vayle vrèman bon nan sa, kifè li otan yon...

27 E apres, nan sa, mwen kwè presye frè nou dwe te resevwa yon ti enspirasyon an plis, de tout fason, e li te di ke li ta pral ekri kèk liv limenm, apati de sa yo. Kidonk li te ekri youn, mwen kwè, ki te rele, *Pwofèt Ventyèm Syèk La*, epi yon lòt, *Legliz Lawodise*, mwen kwè oswa yon bagay konsa.

28 Billy te di m, aswè a, gen plizyè milye liv sa yo ki te rive jodi a mwen kwè; yon moun te achte yo depi Texas. Kifè, y ap isit la. E yo va anonse l, mwen kwè, kèlkeswa sa l ye a. Mwen kwè yo parene yo. Mwen pa sèten. E si yo parene, yo va bannou yo tou, gratis, ou wè. Nou espere w ap apresye sa. E si w santi w konsa bay Frè Vayle lanmen dèyè a la pou di l kijan ou apresye sa. Mwen poko janm li l, mwen menm. Si m te li yo, m te kapab chanje panse m konsènan sa, kifè m ap eseye li yo semèn sa pandan m gen yon chans, si m kapab.

29 Bon poutèt se Mèkredi swa, reyinyon nou yo ap kòmanse ofisyèlman demen swa. Men mwen kwè, paske mwen isit la pami nou, mwen–mwen–mwen jis pa t ka rete anwo a la lakay epi–epi m konnen nou tout la anba isit la. Mwen...Se jis tankou, nou konnen, se tankou lè kèk nan paran nou yo vini, nou konnen, epi w kouri desann jouk nan bout lari a pou rankontre yo, nou konnen. E–e mwen–mwen te panse ke m t ap jis kouri desann pou–pou swete nou byenvini nan Jeffersonville. Kidonk dènye semèn pase a mwen te sou pwen...

Non, ekskize m, se te apeprè twa semèn pase, mwen te rantre lakay. Mwen te a leksteryè ap eseye...M te nan reyinyon atravè Arizona la, e m te retounen pou ap eseye detann mwen. Mwen t al lachas, e mwen–mwen te gen anrejistreman lyon Eta Arizona a. M te woule on distans ven mil pou m te pran l.

30 Men alò pou ap panse, malgres, ke m pa t janm panse lè m te yon jenn ti gason...Jis pou montre kouman bagay sa yo te fè rive, yon ti plas Seyè a te bannou anwo a la, pandan tout mwa nou te deyò a la, ak lekòl pou timoun.

Mwen te yon ti gason. Mwen kwè Jimmy Poole isit la aswè a, petèt papa l isit la, gwo Jim. Nou te konn al nan menm lekòl ansanm, e mwen sonje m te la, antan ke yon timoun ak abiman epi soulye tou dechire, soulye tenis nan pye m, ak zòtèy yo deyò; ap prete yon moso papye nan men youn, epi yon kreyon nan men yon lòt.

31 Mwen te konn abitye ekri pwezi. Epi Madam Wood, la, te konn pran m pou fè m resite sa jou apremidi sa sou bann, jis avèk apeprè vye Ford mwen an, nou konnen, e se–se yon bon machin. Bon, manzè te di, “Ebyen, ou ta dwe voye sa bay Mesye Ford.”

Mwen te di, “Se vre tout bon, mwen kwè,” apeprè yon griyaj an avan, epi yon manivèl an aryè, ak yon kastèt Chinwa kòm volan ak vitès. Men mwen...se–se yon...Men mwen te toujou di, sèl bagay m gen pou m fè se konte kat wou epi sekwe l ase pou stat li epi anbake ladann. Mwen te di, “Li te byen lè m t ap kòmanse ap pran kolin lan

avè l, te jis ap tire vrèman dousman, ap di, 'mwen kwè m kapab, mwen kwè m kapab, mwen kwè m kapab.' Alò m te stat, lòt kote a, t ap di, 'm te panse m t ap kapab, m te panse m t ap kapab.'"

Se fason sa nou te konn pran kolin lan, tankou pyès teyat *Vwayaj Pèleren* an. Kifè nou...

32 Mwen te gen yon ti powèm ke m te ekri, yon bagay tankou sa a. E m te di...Bon, jis panse a sa, m te sèlman gen apeprè douzan. E m te kanpe la, lòt jou, ap gade anlè kanyonn sa a; M t ap panse, "Lyon sa a pral rete la a nan tanyè lyon sa a, ap gade deyò fenèt la," nan yon fenèt an vit. Mwen t ap panse ak yon ti powèm. Mwen te retounen epi m te ramase l, yon bagay konsa. Jis panse ki jan Bondye...

33 Èske w kwè Bondye nan tout enspirasyon? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] Bondye gen pou l ekri yon chante. Èske w kwè ke Bondye nan chante yo? ["Amèn."] Jezi di sa. Li te refere a David, "Èske w pa konn kisa David te di nan Sòm yo? Ou konnen, eske L pat gen..."

34 Gade sou kwa a menm. David te chante l, nan sòm 22 a: "Bondye mwen, Bondye mwen, poukisa W abandone m ? Tout zo mwen yo, ap fikse m. Yo pèsè men m yo ak pye m yo." Ou konnen, e se te yon chante. sòm yo se — yo se chante.

35 Epi nan pwezi sa a, jis gade kijan l akonpli. M te rete la a, yon pòv ti gason ak yon fèy papye ke m te prete, m te di: M santi m chagren, o, tèlman chagren pou sidwès mwen an ki byen lwen, Kote lonbraj yo tonbe pi fon sou pik mòn lan. Mwen ka wè yon rena ki ankachèt toutotou bwouya koulè mov la; Mwen ka tandè yon lou k ap rele anba a kote bèf ak kòn long yo konn manje a. Epi nan yon kote anwo nan kanyonn nan mwen ka tandè yon lyon ap plenn, Nan mòn Catalina byen lwen sa yo ki nan liy Arizona a.

36 Karant lane apre sa, men mwen la a nan kanyonn sa a, lyon sa a ap gade m nan figi m. O Bondye, gen yon Peyi ki lòt bò rivyè a kèk kote, zanmi. Se jis...Li fèt pou l la a. Ou wè? Gen—gen twòp pale anpil sou li. Tout bagay sa yo se pa sèlman mit; yo...Yo reyèl. Yo se reyalyite. Mwen tèlman kontan pou m isit la aswè a, pou m ak moun sa yo ke m espere viv ak yo a pou tout tan, kote pa pral gen maladi ankò, oswa lanmò, oswa separasyon. Epi vwayaje pa pral anyen pou nou lè sa a.

37 Kounye a, mwen panse ke pa gen okenn reyinyon ki konplè san yo pa li Pawòl la epi fè yon ti... Frè Neville, mwen jis te prezante m la a. Billy di ou vle m pale. Èske se vre, frè Neville? [Frè Neville di, "Amèn. Wi. Asireman." — Ed.] Petèt mwen te mete m twò alèz, men mwen—mwen te jis santi m konfòtab ak sa. ["Oke, amèn! Se egzakteman sa!"] Kidonk, kounye a, ou menm ki gen chan ak lòt bagay yo, wè a Frè Neville lè w pral chante, epi answit ou va fè l, anlè a la a. Ebyen gen jis apeprè yon demi èdtan preliminè, apre sa ann antre dwat nan reyèl Mesaj pwofon sa yo epi wè sa ke Senyè a pral fè. E mwen jis gen konfyans...

38 Mwen—mwen kwè nou nan Laverite. Mwen satisfè ak sa. Mwen kwè ble a se, absoliman, pay la ap detache l de li. Ou konnen. Epi, gade, mwen ka bay yon ti apèsi sou sa, demen swa, ou wè, ki jan pay la ap detache l de ble a. Men, ble a dwe depoze nan prezans Fis la, pou l vin mi. E se pou sa nou isit la, zanmi, rete nan prezans Fis la jiskaske ti gwoup moun isit la, jiskaske li vin tèlman mi pou Kris la, li vin tounen pen sou tab Li a. Se sa mwen vle l fè.

39 Ebyen kounyeya, anvan ke n apwoche Pawòl la, apre nou fin resite powèm, ak lòt bagay, ann priye ankò. Apre sa nou pral pran yon tèks.

40 Chè Jezi, kounye a ede nou aswè a, nan kèk mo sa yo, alòs ke n ap atann nou a Oumenm. Epi nou priye pou ke gras Ou ak mizèrikòd Ou pral avèk nou, Seyè. E petri kè nou; repouse tout pay yo, pikan yo, chadon yo, kite solèy beni Bondye tonbe sou Pawòl la, Seyè. E pèmèt ke nou gen yon kokenn chen reyinyon opwen ke pa pral gen yon moun ki pa sove nan mitan nou, tout timoun yo pral nan Wayòm Bondye a. Sila yo ki pa gen batèm Lespri a, ke yo resevwa Li, Papa. Se pou tout gran mistè ke nou sipoze konnen nan laj sa a, Seyè, devwale pou nou; pou nou ka wè Bondye aklè, konsa n va konnen ki jan pou nou konpòte nou epi aji, korije tèt nou epi mennen manm kò nou yo nan disiplin Pawòl la, pou nou ka konnen ki jan pou nou viv moman aktyèl apwocheman Senyè Jezi sa a.

41 Pandan m ap li Pawòl Ou aswè a, Seyè, m ta ka, ak yon edikasyon ki pa konplete, kab li kèk nan mo yo, e petèt pwononse mal lòt yo. Men, Seyè Bondye, se Ou menm sèl ki ka tire kontèks la la a. Ou se sèl Moun ki ka fè l. Pa gen okenn-mwayen pou yon èt imen menm fè l; tout sa lan men Ou, Seyè. Kidonk, ban nou, chak swa, bagay sa yo ki kache nan Pawòl Ou a, pou nou ka vin pi bon kretyen epi viv dapre tan n ap viv ladann lan, kòm egzanp Kretyente. Nan Non Senyè Jezi ke nou mande. Amèn.

42 Kounye a, anpil nan nou, nan Bib nou yo, mwen vle nou al nan liv Jonas la. Se yon...Nou toujou pale anpil de Jonas kòm yon retwograd ak tout bagay konsa. Mwen te toujou pran pati pou Jonas. Mwen pa kwè ke Jonas te retwograde. Mwen—mwen pa kwè sa. Mwen kwè se jis... Nou jis pafwa itilize l, ap di, "Li se yon Jonas." Men, si nou...Mwen te deja pale sou li, yon lòt fason, ap eksplike ki jan mwen te panse, Jonas, sa k te pase. ¶ Ebyen pawòl Seyè a te vin a Jonas, pitit gason Amitayi a, li di l konsa: -Leve non, epi ale lavil Niniv, gran vil sa a, epi krye rele kont li; paske mechanste yo rive devan mwen. Men, Jonas te leve pou l kouri al Tasis, soti nan prezans Seyè a, li te desann Joppa. Li jwenn yon bato ki t'ap pral Tasis. Se konsa, li peye plas li, li te desann ladan l' pou l ale ansanm ak yo Tasis, soti nan prezans Seyè a.

43 Èske sa pa yon fen tris? Yon nonm k ap kouri soti nan prezans Seyè a, e se sa sijè mwen an.

44 Kounye a, dabò nou vle panse a sa. Jonas te... Rezon an, rezon prensipal la, ke m kwè ke l te fè gwo bagay sa a la a, se paske Jonas te yon jwif. Epi yo te mande l pou l al nan yon vil moun lòt nasyon yo, pou l te kriye kont li; pansan ke yo pa ta resevwa l. Paske, moun lòt nasyon yo ta panse, "Ki sa jwif sa a gen pou wè ak nou?" Men, ou

wè, yon lòt bagay, li fè n wè yon bagay ekstròdinè la a, ke Bondye non sèlman se Bondye jwif yo, men li se Bondye moun lòt nasyon yo tou. Li se Bondye tout moun.

45 Li jis chwazi Juif yo. Juif yo te rele pèp ke Bondye chwazi a. Yo te chwazi pou yon kòz espesifik. E rezon sa a se te, pou te ba yo lalwa, epi yo pa t kab obeyi l. Epi li jis te montre, pa pèp sa a, ke lalwa pa t kab respekte, e ke li te yon—yon—yon Bondye ki jis. Epi lalwa te mande jistis, men pa t gen gras nan lalwa pou fè yon moun soti. Lalwa pa t peye okenn penalite, men sa te pran la gras pou peye penalite sa a, oswa anba kote lalwa te mete nou an.

46 Epi Jonas te aple pou al la, antank tèl, youn nan pwofèt minè nan Bib la, pou l desann nan vil sa a. E la a nou jwenn yon egzanp pou nou tout. Chak nan nou, toujou ap kouri pou yon bagay. Nou kouri pou pwoblèm. Nou kouri pou responsablite yo. Nou menm, nou tout gen tandans fè sa. Nou, noumenm, nou gen plis tandans pou n kouri tan ke pou n kanpe fè fas ak sa. Gade, nou jis... Nou—nou—nou toujou jwenn nou ap kouri. Pafwa nou jwenn nou gen tandans kouri pou travay. Nou pa vle, nou pa vle travay. Gen moun ki jis panse ke yo ka rive viv san yo pa travay. Men, mwen panse, se Salomon ki te di ke n te kab jwenn repons lan la a, lè n ap obsève yon founmi.

47 Ou konnen, yon ti founmi, yo di m si ke (chak) founmi pa travay epi kontribye, founmi sa a pa p manje sezon fredè a tou. Kidonk, tout moun dwe—travay.

48 Nou tèlman gen anpil bagay ke n dwe fè, anpil responsablite ke n gen pou n fè fas. Tout moun gen yon responsablite kèlkonk.

49 Lè w — lè w gen pou chwazi madanm ou, pou w marye oswa pou w chwazi mari w, ou gen pou w pran yon responsablite. E nan moman sa a, ou dwe sonje... Petèt ou bati yon kay; se yon bèl kay. Apre sa, sonje, antanke yon fanm marye, ou ta dwe panse a responsablite elve timoun. E w ta dwe panse a bèl, mi byen pentire sa yo ki pral gen ti, tach men sal sou yo tou. Answit, ou te gen responsablite pou edike pitit ou yo. Ou te gen responsablite abiye yo epi ba yo manje.

50 Tout bagay se yon responsablite. Epi l tèlman fasil, lè ke n ap fè fas a responsablite yo, pou evite yo. E nou konstata ke maryaj se yon responsabilite, de tout lè

fason.

51 Menm, anpil fwa, nou jwenn... Sa a difisil pou di, men se vre, ke minis yo, anpil fwa, eskive yon responsablite pou pran pozisyon pou vrè Pawòl Bondye a lè yo konfwonte ak Li. Yo pral evite responsablite sa a. Lè Verite Pawòl Bondye a rive fas pou fas ak noumenm èt imen, nou gen ... nou gen tandans eskive l kontoune l jouk nan dènye limit la.

52 Mwen te fèk fin pale ak ti neve m nan la. Li se yon Katolik, epi li... Epi mwen te batize ti gason sa a, nan Non Jezikri, isit la kèk ane de sa, epi li te rankontre ak yon ti jèn fi epi li te tounen nan Katolik. Epi mwen te kenbe men



manman l pandan l t ap mouri la ba a. Li te di m, dènye pawòl sa yo, "Pran swen Melvin." Epi li jis ap pede reve. Li jis pa kapab...Chak, chak jou, semèn dènyè a, li te kontinye ap reve. Li te di: "Mwen ta antre nan legliz ou a, Tonton Bill, epi w te kanpe la ap preche. M te kouri monte la a, pou kòmanse fè yon konfèsyon. Mwen te reveye." Li te di, "Mwen—mwen te antò." M te di, "Melvin, ou pa bezwen okenn entèpretasyon pou sa. Plas ou se anba la a kote w fèt pou ye a." Se vre. Ou wè?

53 Men pou nou fè fas ak responsablite yo, pafwa li fè nou vrèman mal, pou nou fè sa. Kòm yon papa, pou fè fas a responsablite, pou bay pitit ou yon kal. Ti zanmi sa yo, ou pa vle fè sa. Men, antanke papa oswa manman, ou dwe fè fas ak responsablite pou w elve pitit sa a, paske Bib la di: "Neglije baton an epi w ap gate pitit gason w lan". Epi sa toujou rete byen nan je chak sikològ ki genyen nan mond lan. Sa toujou rete Verite Bondye a. Si te gen plis pratik sa a, nou pa ta gen bann pil delenkans jivenil ak lòt bagay sa yo, ak tout pouriti ke n genyen nan mond lan jodi a. Men, ansyen règ annò nan kay la te kraze, depi lontan, epi yo kite timoun yo fè tou sa yo vle.

54 Men menm jan m te di a, ministè yo, yo pral rive fas pou fas ak Laverite, epi answit y ap detounen de Li. Ou wè, yo—yo jis genyen... sanble ke gen yon bagay ke yo—yo pa vle fè fas ak li.

55 Anpil fwa mwen te konn gen moun ki vini, ki di: "Mwen konn se vre, Frè Branham, men si m te fè sa, yo t ap choute m deyò legliz la." Kisa l ye? Si w pa fè sa, yo pral choute w deyò, anwo a. Kidonk ou te gen pou yo choute w deyò, yon kote, ou wè. Konsa ou ta ka mye fè fas ak li, olye pou yo kouri pou li epi di, "Oke, mwen pral lòt bò a la a. Mwen p'ap retounen." Retounen, sèten, al koute L pi plis ankò. Sonde ekriti yo. Jezi te di: "Fè rechèch sou Ekriti yo, paske nan Yomenm ou panse ou gen Lavi Etènèl, e Yo se Sila ki temwaye konsènan Mwen." Men nou jwenn ke moun pa pral fè fas ak sa.

56 Mennen Yo nan, prezans Bondye, pou wè ke lè Bondye te fè yon pwomès, epi Bondye gen obligasyon a pwomès sa a. Epi lè L fè pwomès sa a akonpli, lè sa a moun yo pè pou yo fè fas ak responsablite pou yo aksepte Mesaj pou lè yo a. Nou jwenn sa tout kote.

57 E nou menm Literyen yo? Konbyen Literyen ki te pè, moun ki te pè fè fas ak Verite Litè a lè l te vini ak jistifikasyon an? Gad kisa sa te koute w, petèt pwòp vi w, pou w soti epi konfese Jezikri epi—epi vin yon—yon Literyen.

58 Gade noumenm Methodis, ki jan sa te konn ye, nou tout yo te konn rele nou sen k ap woule atè yo. Mwen devine w te konn sa. Epi yo te sou onksyon Lespri a, epi yo t ap balanse devan dèyè. Epi yo te di yo—yo te gen "la tranblad". Meto-...Sa, non, sa pa t pentkotist yo; se te Methodis yo, dèzane de sa. Epi yo pran te trebiche, yo te tranble, yo tonbe anba pwisans Bondye a. Apre sa, yo voye dlo nan figi yo, epi fè van pou yo ak vantilatè yo, yo te panse yo te pèdi konesans. Epi, kounye a, yo te konsidere w tankou yon pakèt sen ka p woule atè. Men, ou te oblije, manman w ak papa w, te oblije swa aksepte L, fè fas ak Verite a ak reyalyte yo, oswa te refize l.

59 E nou menm Pannkòtis yo, ki te resevwa restorasyon don yo, lè batèm Sentespri a te soti, ak pale an lang, ak don Lespri a ki retounen nan legliz la? Kisa l ye, Methodis yo te vle choute w deyò, e yo te fè l. Men, ou te oblije fè

fas ak. Se yon bagay ke w te oblije fè. Ki sa k pwoblèm nan, lè l te soti, osijè de batèm nan nan Non Jezikri a, epi w te wè se te Verite a? Ou dwe fè fas ak li, oswa fè yon bagay avèk li. Ou gen yon responsablite, tout moun genyen l, epi ou dwe fè fas ak bagay sa yo. Se sa.

60 Epi lè n wè alòs, nan jou sa a kounye a, lè Pawòl Bondye a te pwomèt bagay sa yo ke n wè k ap rive kounye a, lè sa a nou gen responsablite pou swa fè fas ak Li oswa kouri kite l. Ou gen... Ou jis pa ka rete endiferan. Ou dwe fè yon bagay avè l. Te di...Gen kèk mouvman ki dwe fèt. Ou pa ka antre nan pòt legliz sa a epi soti menm moun ou antre a. Swa ke w pi lwen, oswa w pi pre Bondye, chak fwa ou antre oswa soti la a.

61 Ooh, Ala sa fasil pou moun evite bagay sa yo. Apre sa mwen vle nou panse a sa yo lè n kòmanse nan sèvis ofisyèl yo demen swa, ke, mwen vle ou remake lè ke w konfronte a bagay, si w ... si gen yon kesyon sou li. Si gen yon kesyon sou li, dwe gen yon repons.

62 Kòm, pa egzanp, mwen te di ke m ta pral nan lwès, epi ou te pwente m direksyon sa a. Bon, premye bagay ou konnen, m ta kouri byen lwen ke objektif mwen an, epi mwen tou ... Mwen nan nòdwès. Ebyen, e si yon moun, pwente m anba a nan direksyon sa a, epi m swiv direksyon an? Mwen pral pase objektif mwen an ankò; M te al nan sidwès. Oke, osi lontan ke gen yon kesyon sou, ki fason pou al nan lwès, dwe gen yon repons dirèk yon kote. Epi lè nou konfwonte a kesyon sa yo, konsènan Verite ki nan Bib la, dwe gen repons kòrèk yon kote. Se vre. Yo fèt pou yo la.

63 Epi lè nou wè Yon bagay prezante, mwen panse, olye pou jis kouri met deyò, di, "Ah, sa se blag! Mwen pa t kab kwè yon bagay konsa. Mwen pa t 'kapab kwè Sa ," poukisa w pa pran Bib la, epi w kanpe la e fè fas a li? Etidye L. Ou la a nan reyinyon an kounye a, jis egzamine L. Verifye L, oumenm, ak Pawòl la. Verifye Pawòl la, pa Pawòl la. Se sèl fason pou fè L di Verite a. Epi li dwe di Verite a, depi Jenèz rive nan Apokalips.

64 Kris se revelasyon tout Bib la. Nan Limenm, Kris, se tout plenitud la. Akonplisman tout pwofesi ki nan Bib la te rankontre enkonvèsyonèlman nan Jezikri, paske li te Bondye ki te manifeste nan lachè a.

65 Kounye a lè nou jwenn bagay sa yo, kwake, lè n te konfwonte yo epi vin nan reyinyon an, epi wè pouvwa Bondye a k ap deplase epi ap fè bagay yo, fè zèb sinatirèl yo, epi wè sa ap fèt, apre sa gade nan Bib la epi wè ke sa te pwomèt pou lè sa a; alòs lè n wè bagay sa yo, Lè sa a, n ap konfwonte ak responsablite swa aksepte li, mwen vle di, kòm pou noumenm.

66 Kounye a, anpil moun konpati, anpil moun di li kòrèk. Men, sa pa fè—sa pa fè l sa ki... Se pa pou bagay sa a ou gen responsablite. Jan ke m te di a, e si gen...

67 Si mwen te yon jènn gason, epi mwen t ap chache yon madanm pou m marye; epi te gen yon demwazèl isit la ki te rankontre tout kalifikasyon ke mwen te panse sa te pran pou fè yon madanm. Pa egzanp, moralman li te yon rèn, epi bèl, ak—ak yon bèl pèsonalite, yon vrè kretyèn, tout sa mwen te kapab panse a, pou fè yon bon madanm

pou mwen. Pe enpòt kijan mwen di li pafè, li sètènman kòrèk, li pa pou mwen toutotan mwen pa aksepte li ak responsablite pou fè de li madanm mwen.

68 Mesaj la se menm bagay la. Ou ta ka di, "Li kòrèk, oswa *sesi, sela*, oubyen *se lòt bo*." Epi di, "Mwen senpatize avè L, mwen kwè Li se Laverite." Men, ou dwe aksepte Li; epi Li dwe vin yon pati de ou, epi ou menm yon pati de Li. Ou gen... Lè sa a, Li se pa w.

69 Lè ou marye ak fanm sa ou chwazi a, nou se—nou se yon sèl lè sa a.

Epi se konsa w ye ak Kris. Lè w wè L manifeste epi konkretize, lè sa a, ou se yon pati de Li, epi Li se yon pati de ou. Epi, ansanm, ou se yon pati nan Mesaj la.

70 O, konbyen bato denominasyonèl nou genyen k ap desann Tasis, pou Jonas nan epòk sa yo, apeprè nèfsan ladan yo, konsa, yon bato ki pran wout fasil la. Pa vle fè fas a li.

Jonas pa t vle fè fas, a bagay pou ale pami moun lòt nasyon yo. Li pa t vle pote Mesaj kriyèl sa a, "Nan karant jou, w ap peri si w pa repanti." Li te rayi fè sa. Epi li te panse, "Moun lòt nasyon yo, li difisil pou w di sa yo pral fè m." Men li te oblije fè fas ak li. Ou wè? Men, li te pran yon bato fasil epi li desann Tasis, li desann nan kal bato a, l al dòmi; pran wout fasil la.

71 Se yon chemen fasil, se yon fason ki popilè pami moun yo. Li fasil pou swiv chemen kote tout moun ka ba w ti tap nan do pou di w ou se yon bon konpayon, "Epi sa a se *entèl-entèl* epi kèk," epi mond lan pral fikse je sou ou. Li fasil pou swiv chemen popilè a.

Men, lè-lè ou dwe fè yon bagay diferan, lè ou dwe kenbe konviksyon w sou sa ou konnen ki Laverite, se sa ki pati difisil la, se la ke friksyon an vini, dirèk laba a.

72 O, nou konn chante ansyen kantik sa a souvan:

Ala fasil pandan w ap navige sou lanmè a epi li kalm,

Pou w gen konfyans nan fòs gwo bra Jewova a.

Men, o, kite vag yo kòmanse soufle, kite—kite van an soufle epi souleve vag yo, lè sa a, kisa w ap fè?

73 Gen yon bagay konsa yon dam te di m, yon fwa. Remonte nan epòk cheval ak karòs yo, ki te rakonte ke chwal la kouri ale avè l, aprè legliz. Te di: "Kisa ou te fè?"

74 Li te di: "Mwen te fè Seyè a konfyans jiskaske liy yo te kase." Ebyen, se moman pou fè Seyè a konfyans, apre chak... apre liy yo kase. Ou fè liy yo konfyans jiskaske yo kase. Wi.

75 Se konsa, nou dekouvri ke nou gen anpil chemen fasil pou nou ale, bato yo ap desann Tasis, paske li fasil, san responsablite yo. Li jis ap koule swa, ou gen tout bagay k ap mache; tout moun renmen ou. Epi, tout moun, ou se yon... Ankenn moun pa an dezakò avè w; ou pa an dezakò ak pèsonn. Bon, si sa a se pa yon tòchon! Se vre. Wi, pouse l de kote, chanje bò! Enben, nenpòt moun, li pa enpòtan ki moun ou ye, oubyen sa w ap defann... Aktyèlman, moun ki gen moralite yo ap konsidere w plis si ou pral kanpe pou konviksyon ou sou sa ki dwat. Egzak. Pa bay enpòtans...

76 Ou pran yon fanm, li ka pa menm bèl anpil, epi

kèlkeswa sa l ye a; men kite fanm sa kanpe pou prensip feminite, kite l kanpe tankou yon dam; epi si yon nonm gen yon ons gason nan li, li va pran pozisyon pou li. Absoliman. Nou apresye yon bagay ke yon moun te genyen, ke yo kwè se laverite epi pran pozisyon pou sa yo panse ki kòrèk.

77 Se pa ti ramoli, se sa ke twòp kretyen jodi a ye, yo si tèlman mou ak tout, jiskaske yo panse ke tout sa yo dwe fè se rantre nan yon legliz, antre yon kote, mete non yo nan yon liv, oswa fè kèk bagay, vole monte-desann, rele byen fò, oswa--oswa yon bagay konsa, epi rele sa Krisyanis.

Krisyanis se vi chak jou a, difisil, viv pou Bondye nan...prezans mond sa a. Li se yon flàm konstan Dife ak lanmou Bondye, nan kè a, ki limen w epi fè w soti al jwenn moun yo deyò a, epi fè nouvo konvèti pou Kris. Responsablite yo.

78 Men, li fasil pou nou ale nan chemen mond lan. Li fasil pou koule nan sans kouran an.

Soti deyò epi chita nan bato ou, sou riyè a, Vire zaviwon w yo epi kòmanse ale kont kouran an; ou pap fè anpil tan, li difisil pou ale. Okontrè, jis lage zaviwon yo yon fwa epi gade kijan w ap pase pye bwa yo vit, pandan w ap desann, men gade ki kote ou prale!

Lè bagay yo ap flote fasil, sonje, ou pral nan direksyon yon--yon gwo katarak laba a, nan yon fason. Ou pral nan direksyon chit yo, epi nan pa lontan ou pral flote anlè chit sa yo. Jis ap flote ak mond lan, fasil, fason li ale a, ou pa vle sa. Non, mesye. Men ou dwe res...aksepte responsablite w.

79 Kounye a, ou kwè Li, epi ou gen yon...Ou panse Se Laverite.

80 Epi responsablite Bondye ban nou jodi a, pou nou pote Mesaj sa a! Epi kòm mwen vin pi aje, e mwen konnen jou mwen yo ap vin pi kout, Mwen santi responsablite a pi gran pase jan mwen te janm santi l. Ann prese devan, nou dwe fè sa! Nou dwe rantre ladan l, nan tout kote nou ale, epi pale de Mesaj la; epi—epi di moun yo ke Jezikri ap vini, ke li se Bondye epi l ap vini byento. Pa gen yon--pa gen yon espwa ki rete pou mond lan sof Vini Seyè a.

81 M ap gade nan fon an kèk zanmi ki te avè m lè Zanj Seyè a...Ti mesye sa yo ki chita isit la, mwen kwè yo te jwenn kote sa te pase a. Epi jis sonje sa Seyè a te di jou sa a, frè Wood. Li t ap mache sou tèt mòn lan. Epi— li te yon ti jan ap plenn, paske madanm li te malad. Epi Seyè a te di, "Pran wòch sa a epi voye l anlè, epi di: 'ENSI DI SEYÈ A.'" E mwen te fè sa. Epi frè Wood te chita la kòm yon temwen.

82 Epi m te di: "Frè Wood, sa p ap pran tan avan ou wè yon bagay rive." Epi nan demen, lè nou te kanpe la, nou tout ansanm...Epi gen anpil moun ki isit la aswè a.

83 Yon jèn predikatè te la, e li te yon...mwen remake...mwen te apèn rankontre li lavèy nan aswè. Li te nan kan nou an. Li te monte avèk nou. Epi li te di m, li te di: "Frè Branham, èske w janm wè vizyon, soti konsa?"

84 Mwen te di: "Wi, mesye. Men, mwen vin isit la dekwa pou m ka elwaye m de sa, pou m ka repoze m on tikras." Li te di... "Oke," mwen te di, "Mwen—mwen... Natirèlman, Li montre m bagay yo laba a." Apre sa, mwen di, "Jis anwo tèt mòn lan isit la, kote sèt Zanj yo te parèt laba a."

Li te di, "Wi, mwen konprann." Te di, "Mwen te youn nan sipòtè reyinyon ou te fè nan Kalifòni yo."

Mwen te di, "Oke, mwen sètènman kontan konn sa."

85 Epi pandan m te kanpe la, jis nan moman sa a, m te gade alantou e mwen te wè yon doktè ki yon ti jan gwo k ap gade nan je l, epi mwen tande l di, "Ou pral pèdi je sa a, paske gen yon alèji ladan l. Mwen te swiv li pandan dezan, men ou pral pèdi je sa a."

Mwen te di, "Rezon kifè w mande m sa, se paske doktè ou te di w lòt jou ke w ta pral pèdi je sa a."

Aprè sa, li te di, "Se vre," epi li gade alantou *konsa*.

86 Epi m te wè manman l retire youn nan chosèt li yo epi kenbe pye l deyò, ak ti timè ki pandye ant zòtèy li yo, monte desan sou janm li, epi li di: "Si w wè Frè Branham, di l priye pou sa."

Mwen te di, "Manman w kenbe... te pwente pye l konsa, epi te di ke li te gen ... gen ti timè sou tout - zòtèy li yo, epi konsa, e te di: 'Fè Frè Branham priye.'"

Li te di: "Frè Branham, se laverite."

87 Mwen gade ankò. Lè m te fè sa, mwen te wè l kanpe la ap gade mwen, *konsa*, ak je li byen klere. Mwen te rankontre l otòn sa a; li te gen pi bon je pase nenpòt moun nan kan an. Seyè a te geri li epi te retabli l.

88 Pandan m te kanpe la, Seyè a te di, Li te montre m sa ki te pral rive. "Jijman an fikse pou l frape kòt Lwès la." Epi Li di: "Al bò kote fwaye dife sa a."

89 Epi mwen te gen yon pèl nan men m; te mache laba a. Epi frè Roy Roberson, nou tout konnen li isit la. Li pa la aswè a, dapre sa mwen aprann; li laba a nan Arizona. Li se prezidan administratè yo isit la, epi mwen konnen li se yon veteran. Epi yon bagay ta pral rive; yon trè bèl matine, anviwon dizè nan maten. Ti mesye yo tout ozalantou, dis oswa douz nan nou, t ap defèt tant yo, kòche kochon yo, elatriye. Se konsa, nou... Mwen te mache, mwen te di, "Roy, kache, vit. Yon bagay sou pwent rive." Mwen pa t kapab di l plis. Men jis nan moman mwen te rive la...

Epi toubiyon Bondye an desann soti nan syèl la, epi fè yon bwé, tankou, sekwe tèt mòn yo, rantre nan mòn sa a, koupe yon mòso soti ladan l, apeprè senk pye anlè tèt mwen, epi li te koupe tout tèt pyebwa yo, pandan wòch yo ap vòltije. Te monte anlè epi desann ankò, ak yon lòt gwo batèm, epi li travèse mòn nan, voye wòch yo deyò konsa. Li pase twa fwa, epi aprè sa, moute anlè a.

Epi Frè Banks vin jwenn mwen, te di: "Se sa ou te di yè a?"

Mwen te di, "Wi, mesye, se egzakteman sa." Ou wè?

90 Epi de jou aprè sa, Alaska te koule, prèske, laba a. Epi nan tout kwen sou Kot Wès la te gen loraj ak gwo pouse, ak tout sa k ap pase. Epi youn nan jou sa yo li pral sonbre nan fon oseyan an. Egzak. Kisa sa ye? N ap viv nan lè Vini Seyè a.

91 Nou wè ism ak bagay k ap leve, ak tout diferan bagay sa yo, nou konnen dwe gen yon repons veritab pou sa.

Gen moun ki soti isit la nan peyi a kounye a, k ap antre nan kavèn ak bagay konsa, "Epi jou 16 mas la," ou te li nan journal la, "Seyè a ap vini." Ou konnen se pa vre.

Jezi te di: "Pèsonn pa konn ni minit ni lè a".

92 Lè nou wè tout bagay sa yo, ak bagay k ap fèt nan fason sa yo, e dwe gen yon veritab repons yon kote. Dwe gen yon Verite. Gen youn, nan lès; ak youn, lwès; e gen youn, sidès, ak nòdwès, oswa yon bagay konsa. Men, dwe gen yon repons veritab, yon kote, pou pwoblèm nan. [Espas vid sou band la—Editè a.]

93 Evite sa? Nou dwe di moun yo ke nou ap viv nan lè Vini Pitit Bondye a. Nou vle—vle gade epi (Bondye) dwe an mouvman, tout tan, prepare pou bay yon nonm yon repons kòrèk.

94 Se toujou konsa. Li nan—li te nan lòm, ki te devye pou al lwen Bondye, depi Adan, nan jaden Edenn nan. Lè Adan te nan jaden Edenn nan, lè li te gen responsablite pou fè chwa li, èske li te rete ak Bondye oswa li te ale ak madanm li? li te dwe fè sa res-...li te dwe fè sa, responsablite a te prezante devan li. Swa li te pran sa madanm li te di oswa sa Bondye te di. Answit lè li te chwazi fè wout madanm li an, lè li te fè sa, lè sa a li te pèdi kondisyon orijinal li a. Epi li te mennen lanmò nan lemond antye, lè li te dwe pran responsablite a, oswa aksepte yon nouvo limyè ke madanm li te jwenn, ki te kontrè.

O Bondye! Panse a sa. Bondye te sèlman ba yo uit oswa dis Pawòl apeprè pou yo kenbe. "Men, nan pye bwa sa a, ou pa dwe manje." Se tout sa yo te dwe kenbe. E menm avèk ti kal Pawòl sa a, yo te brize L.

Alò, Adan te oblije fè fas, "Èske m ap, èske m ap fè sa madanm mwen te di a, oubyen èske se pou m fè sa Bondye te di fè?" Apresa, li te ale ak je l louvri. Li te dwe pran responsablite a. Sa te voye limanite antye nan lanmò.

95 Answit, lòt Adan sa a te vini, ki te Kris, pa t janm gen yon sèl lòt tankou Li! Yon moun di Li pa Bondye? Patikilarite L te pwouve Li te Bondye. Pa t janm gen yon kreyati ki te viv tankou Li. Li te viv nan yon mond pou Li menm. Li te fèt andeyò domèn natirèl la, lòm pechè. Alelouya! Li te kreyatè a Li menm ki te vin nan lachè.

Kimoun ki t ap janm kanpe kote Li te kanpe? Kimoun ki janm pale tankou Li? Kimoun ki t ap janm di bagay Li te di yo? Kimoun ki ta ka janm fè bagay Li te fè yo? Patikilarite Li te pwouve Li te Bondye. Pa t gen yon pwofèt oswa anyen lòt ki te kapab fè sa L te fè; Ki moun ki ta ka rele mò yo tounen soti nan tonb yo, epi Kimoun ki ta ka rete syèl la, epi fè nenpòt bagay Li te vle fè a. Li te Bondye. Kimoun ki ta ka janm kanpe nan plas Li? Kisa Li te kapab ye, sof Bondye pafè, imòtèl sa a, nan lachè e ki te demere nan mitan nou!

96 Pa gen anyen ki janm konpare ak Li. Li te viv nan yon mond pou Li Menm. Ankenn moun pa t janm pale tankou Li. Lè Li jis louvri bouch Li, te gen yon bagay nan Li, ki te diferan de nenpòt lòt moun. Yon moun te di Li te jis yon nonm òdinè; Mwen defye sa. Li te Bondye. Se sa Li te ye. Paske, pèsonn pa janm pale tankou Li, pèsonn pa t kapab pale tankou Li, paske Li te Pawòl vivan an Li menm nan lachè, manifestasyon plenitud Bondye a.

97 M ap admèt, pwofèt yo te gen mesaj yo. Yo te genyen yo lè sa a; yo genyen yo kounye a. Men, se te plenitud Divinite Bondye a kòporèlman, ki te manifeste laba a. Li te Sèl inik lan, e se Li Menm ki te te dwe fè fas ak pwoblèm nan. Ak tout gwo pouvwa ke Li te genyen an, Li te kapab absoliman wa nan mond lan. Li pral sa; epi Li menm, pou sen pa L yo, Li se sa kounye a.

98 Li te kanpe la. Kimoun ki ta pòv, pa t gen yon kote pou repoze Tèt li; ki menm konnen ki kote yon pwason vale yon pyès monnen? Kiyès, kimoun ki te kapab pran gwo krich dlo yo epi fè yo tounen diven, epi Li pa gen yon kote

pou repoze Tèt Li? Li te dwe fè fas ak responsablite yo ki te lage nan men L. Kimoun ki ta ka leve yon nonm soti nan tonb li, apre li te mouri kat jou epi pouri?

Èske li pa t kapab sove tèt Li? Asireman, Li te kapab; men si Li te fè sa, Li pa t ap sove nou. Li te dwe fè fas ak responsablite yo, epi akòz obeyisans Li anvè Pawòl la! Kote, dezobeyisans Adan, epi li te pran chemen kout la, chemen ki mennen Tasis la. Men Jezi te pran wout Niniv la, kote moun lòt nasyon yo, pou Li te pran yon Epouz. Mwen byen kontan ke Li te fè sa, aswè a. Nou ta dwe fè fas ak reyalite yo, ke nou se pa Li, voye mond lan lwen. Amèn!

99 Chak moun ta dwe fè fas ak sa, ki te gen yon responsablite devan Bondye. Nou jis pran, pa egzanp, Noye. Li te fè sa. Noye, Moyiz, Eli, ak tout rès nan--nan chak aj, te oblije fè fas a responsablite a. Epi yo te oblije fè sa, kidonk se rezon kifè yo te komisyone l pou lè a.

100 Gade Noye nan laj syantifik li a, kijan li te dwe fè fas ak yon bagay ki te tèlman pa syantifik. Enben, pa t gen yon-yon-yon rezon pou l pa t kapab pa syantifik... Ou wè, li—li pa t syantifik, pito. Enben, yo te di lapli pral tonbe soti nan syèl la. Yo pa t janm gen lapli tonbe soti nan syèl la. Kounye a, li te oblije fè fas ak sa. Bondye te di pral gen lapli. Apresa, li...

101 Answit, lafwa san zèv yo mouri, si nou di: "Mwen kwè sa," epi nou pa poze ankenn aksyon. Menm jan ak Mesaj la, si w di, "Mwen kwè li," ou pa poze ankenn aksyon, ki byen sa fè? Ou wè? Noye te al travay ak mato li pou bati yon lach, pou konfime sa li t ap di a. Se sa nou dwe fè tou. Nou dwe al travay, pwouve fwa nou, pa zèv nou yo. Zèv nou yo pwouve fwa nou.

102 Moyiz te dwe fè sa, epi Eli te dwe fè sa. Chak pwofèt nan laj pa l te dwe kanpe epi fè fas ak responsablite sa yo. Men, anpil nan yo pa t fè tankou Jonas. Li kouri; yo pa t fè sa.

103 Remake, "Rele kont li." O, la la! Se sa. Sa a se sijè a, "Rele kont li." Men kote nou ka verifye a.

Jis ale la epi di moun sa yo: "Tande, mwen desann pou m vin jwenn mwen avèk nou mesye. Nou konnen, mwen kwè mwen pral di nou sa m pral fè. Mwen gen jis yon ti bagay isit la mwen kwè mwen ka fè li yon...reyini nou tout ansanm, epi fè *sesi, sela, se lòt bò*."

Men, se te: "Rele kont li," lè nou oblije rele kont yon bagay. Bon, li te oblije rele kont tout sa ki te la; rele kont vil la, rele kont travay yo, rele kont legliz yo, rele kont pwofèt yo, rele kont minis yo, rele kont sakrifkatè yo. "Kriye kont li, tout bagay la! Kriye kont li!"

104 Noe te rele kont laj li a. Sèten li te fè l, kont legliz yo nan laj li yo.

Sètènman Moyiz te kriye kont laj li—li a; pèp la, sakrifkatè yo, elatriye. Li te rele byen fò nan tout dezè a. Chak jonksyon, li te rele byen fò, li te toujou rele sou pèp la.

Eli te trè enpopilè nan epòk li a, paske li te rele kont laj sa a. Sètènman li te fè l.

105 Jan Batis te trè enpopilè nan laj li a. Li te rele kont laj li a. Li te di wa a, pwisan an—an nan peyi a—a; li—li te genyen, li te marye ak madanm frè li. Li te oblije preche sou maryaj ak divòs, yon maten. Kifè li te rele kont li, li di: "Se pa legal pou ou genyen li." Sa te koute l, ke yo te koupe tèt li, pita, men li te rele byen fò epi li te kanpe nan pòs travay li.

Li pa t janm pran yon bato pou l al Tasis, pou l di: ``Ebyen, Ewòd, mwen dakò avè w. Se kòrèk. Osi lontan ke ou panse li se yon bèl fanm, l ap fè yon bèl madanm pou ou, kontinye.`` O, pitye. Ranyon sa yo! Ou wè, wi, jis chak ti bagay ... umm! Ebyen, sa pa ka fè anyen ke netwaye asyèt sal.

106 Men, remake, Jan pa t konsa. Li te fè fas drèt devan l. Li di: "Li pa legal pou ou genyen l." Wi, mesye. Epi li te kanpe kont li.

107 Yo pat janm kouri. Jan pat janm kouri. Yo te ret kanpe epi fè fas a reyalye yo. Moyiz te eseye kouri, yon fwa, tankou Jonas, men Bondye te fè l tounen. Anpil nan yo te eseye ale lwen li; yo ta kòmanse...

Men, gade, si Bondye te rele ou, epi ou sèten ke Bondye nan Mesaj la, pa gen anyen ki pral fè ou tounen. Sa pat fè Jonas tounen. Non, mesye.

108 Amòs nan tan lontan, te rele, li di: "Lyon an gwonde, ki moun ki pa ka pè? Epi, Bondye te pale, ki moun ki pa ka pwofetize? Ki moun ki pa ka pwofetize, lè ou wè Bondye pale epi Li di yon sèten bagay pral rive, epi men ki li rive?"

109 Yon lyon gwonde, tout moun pè, wi, mesye, si ou janm tandè youn ki gwonde nan forè a. Ou ka tandè sa yo k ap myole nan kaj sa yo, pa bò isi a, lyon yo donte yo, men ou ta dwe tandè yon vrè, youn ki sovaj gwonde yon fwa. Ti wòch pral tonbe sou ti mòn lan, a senksan vèj de lwen. Mwen ta vle konprann kouman tout bri sa a fè soti nan poumon yo. Epi li bese tèt li, li voye fouri li anlè; M pa janm tandè anyen...Se tankou yon—yon kout kanon, lè li gwonde fò konsa nan poumon li. Ki moun ki pa ta ka pa pè?

Yo di, si yon lyon janm touye w, se san doulè. Li fè w pè pou w mouri anvan l rive sou ou. Ou wè, ou pa remake li. Li fè w pè ak gwo gwonde feròs sa a, epi men li ki rive sou ou nan yon fraksyon segonn.

110 Li di: "Lyon an gwonde, ki moun ki pa ka pè? Epi Bondye pale, ki moun ki pa ka pwofetize? Lè w wè Bondye ap fè yon bagay, w ap di... "Mwen gendwa pa yon pwofèt..." Jonas te di... "Mwen gendwa pa yon pwofèt, oswa pitit yon pwofèt. Men Bondye pale, ki moun ki pa ka pwofetize?"

111 Mwen ta ka pa yon pwofèt, mwen ta ka pa *sesi, sela, se lòt bò*. Lè m wè Bondye ap fè yon bagay, e mwen wè sa isit la nan Pawòl la, e Li te pwomèt li, ki moun ki ka fè silans epi rete trankil? Se sèten, Li fè li.

112 Nou pa ka kache non pli dèyè kredo ak tout gwoup sa yo isit la, epi desann nan—nan Tasis. Nou pa vle ale ak gwoup sa yo.



113 Men anpil, tankou Adan, fè menm bagay la, eseye fè yon ranplasan yon fason, eseye jwenn yon fason pou sòti, epi—epi fè yon ranplasan, pou fè fas ak Bondye. Apre yo fin konnen sa ki mal la, yo te fè fas ak Verite a, yo te ale ansanm ak madanm li epi yo te fè egzakteman sa Bondye te di l pa fè. Li te ale drèt devan e li te fè li, kanmenm. Epi lèfini li te wè li toutouni, manzè ak limenm, tou de, nan jaden Edenn nan. Je yo vin louvri. Lè sa a yo te konnen sa ki byen ak sa ki mal. Epi lèfini li te eseye jwenn yon ranplasan, pou on jan kouvri tèt li avèk sa.

Koulye a, se jis apeprè fason sa nou fè jodi a, yon eskiz, ki di: "Ebyen, mwen di ou, si se te *isit la*", oswa "*si sesi*." Oswa, "si, si, si," se jis... Ou wè? Men, ou dwe fè fas ak li. Li swa byen oswa mal. E si li byen, ann rete bò kote l. Si li mal, elwaye w de li. Se tou. Jwenn sa ki ... Chèche konnen sa ki byen. Piga w tann ankò. Ann chèche konnen kounye a sa ki Verite ak sa ki byen, epi rete avèk li. Nou konnen se vre.

114 Kounye a, nou wè jodi a ke pèp nou an tèlman... Sanble kòm kwa tout senserite soti nan legliz yo. Mwen... nan...

115 N ap viv nan yon kay laba ki pou yon presye sè ki vin nan legliz sa a. Li genlè chita la aswè a. Epi li lwe li ba li...moun yo. E li jis te tèlman janti avèk nou pou kay sa a, pou te kite nou jwenn kay sa a. E mwen ta renmen site non l, men li ta ka pa vle mwen fè sa. Epi li te tèlman janti avèk nou, ebyen, nou sètènman pa ta—pa ta vle ekspoze li. Men li te yon fanm trè, trè janti. E nan kay la, te gen yon televizyon nan yon kwen. Nou gen yon ti, de, dipleks.

Mwen gen yon gwo fanmi, ak yon pakèt timoun, epi nou... epi nou—nou konnen, epi yo dwe gen kabann, ak anpil bagay sou yo. E tout bagay anpile moute sou tèt lòt, epi ou dwe mache sou *sesi* epi *se la*, lè w ap antre oswa soti.

116 E alò laba yo te gen yon televizyon. Epi nan televizyon sa a, timoun sa yo te rive gade, dimanch maten, yon jan de emisyon kote yo t ap chante kantik. Epi, ou konnen, li—li ta prèske fè w wont; si pat gen yon veritab Krisyanis yon kote ou te ka mete men ou, pou wè sa yo rele Krisyanis. Ebyen, li sanble ke tout senserite pati soti nan li. Ebyen, yo pa, yo pa sanble yo... Ebyen, se jis terib fason yo kanpe la epi mare pwen yo epi goumen youn ak lòt, la, epi eseye chante kantik ak tout bagay konsa; epi yo fè blag ke menm yon maren p ap fè, epi yo di tout kalite bagay, ki pase nan tèt yo, epi yo plezante epi yo fè nenpòt bagay. Ou konnen, karaktè sakre Krisyanis la—la—la te sanble pèdi plas li.

117 Bon, m ale legliz epi—epi mwen wè pastè a leve la epi anonse ke pral—pral gen yon—yon konkou natasyon. Tout medam yo pral mete kostim de ben sa yo, yo tout prale laba. Yo pral gen yon konkou; fanm sa yo, k ap naje. Epi yo pral fè yon—yon jan de fèt, epi yo pral fri anpil poul, epi jwe bingo, ak—ak tout bagay konsa. Pou mwen, sa retire senserite otantik nan Krisyanis la; se jis nenpòt bagay.

118 Mwen te wè, k ap vini isit la, nou wè...Ou konnen, nou jwenn plis sè nou yo ki mete bout pantalon, isit la nan peyi frèt sa a, pase ou jwenn laba nan peyi cho sa a. Ou wè, se vre. Laba a la kote li vrèman fè cho, pa gen twòp nan yo ki mete yo. Men isit la, kote—kote li fè frèt, yo—yo fè li. Ou wè, se, yo pa reyalize se dyab la k ap fè sa. Ou

wè? Bon, si se te pou fè w konfòtab, si se te pou ede w, li ta diferan. Sou yon nonm, mwen panse ke li parèt terib sou yon gason, men—men yo—yo pa ta—yo pa ta bay okenn enpòtans a yon gason. Men, dam lan, kò li—li sakre, epi li dwe kenbe l konsa. E pou wè vye...

119 Nou ka wè, moun jodi a. Gen de lespri. Epi youn nan yo se Sentespri a; lòt la se yon move lespri, e se sa ki domine nou. E toulede relijye. Bon, wi, sa se pati ki dwòl la, yo toulede relijye. E menm jan tankou Ezaou ak Jakòb te ye, toulede relijye; tankou Kayen ak Abèl te, tou de relijye; menm jan Jida ak Jezi te, tou de relijyon, tou de relijye. Epi nou wè li jodi a, tou de bò yo, relijye. Ou wè, se menm lespri a. Moun yo mouri, men lespri a pa mouri. L ale drèt, toulede relijye.

Youn nan yo posede Sentespri a, k ap viv kalite lavi yo ta dwe viv, epi y ap mache nan pyete ak onètete. Yo pa t ap woule w pou yon santim, epi yo—yo fè tout sa ki onèt ke yo te kapab, pou ede ou. Ak lòt moun yo pral... Jis osi janti ke yo kapab.

E lòt yo, nou jwenn, se jis vise vèrsa. Epi, poutan, tou de se lespri relijye, de nan yo; youn, Sentespri; epi lòt la, yon move lespri. Men, si ou remake, li pral, menm si yo reklame larelijyon, yo pral pase ou nan betiz epi yo pral rele ou egzalte; yo fè tout sa yo kapab.

120 Yo, yo inyore Pawòl Bondye a—a ki pa chanje, kòm si Li pa t janm ekri.

Ou wè, ou ka di: "Koulye a, gade isit la, si—si batèm lan..."

"Mwen gen Sentespri a!"

"Epi ou kanpe la ak siga sa a nan men ou, ap fimen li?"

"Wi, mwen gen Sentespri a! Mwen pa panse ke li pa bon pou pran yon ti alkòl. Mwen pa panse li..." Ou wè?

Epi ou remake, " *Mwen pa panse*"? Men, Bondye panse diferan, ou wè, dapre Pawòl Li a. Ou wè? Ou wè, yo...Epi sa yo—yo fè senpleman, se ke—ke yo krache sou Li. Se egzakteman sa.

121 Menm jan ak ti kanmarad sa, la a, enfim sa a ki t ap rale la nan epòk sa, lè yo t ap ekskominye David sou twòn li a. Li t ap monte sou mòn Oliv la, li t ap soti, li t ap kriye pandan l t ap monte, li t ap gade dèyè. Epi ti kanmarad sa a ki t ap rale laba epi li t ap krache sou li. Epi sòlda sa a di: "Mwen pral kite...tèt chen sa a rete sou li, epi krache sou wa mwen an?"

David di li: ``Kite l.`` Ou wè, yo krache sou li.

122 Anviwon uitsan an apre, yo krache sou Pitit Gason l la, Jezikri, tou.

Epi jodi a yo krache sou Li ankò. Kòm si Li pa t menm jis...Ireveran, san enkyetid, jis vire tèt yo epi ale lwen Li, epi ri nan figi ou. Poukisa li konsa? Yo sou yon bato pou ale Tasis. Se egzak.

Apèl sa a bay Bondye, ou dwe rele kont sa ki mal, rele kont peche, kriye kont bagay ki fo. Koulye a, sonje, li pral.

Hey, ou konnen, fwa sa a. Ou konnen, mwen gen de zè de tan diferans. Nan Tucson se jis dis minit apre setè, epi—epi mwen santi m on jan—on jan pa nan plas mwen isit la. Eh? Trè byen.

123 Kounye a sonje, nou pral oblije reponn pou sa. Sonje byen, moun ki krache sou Kris la pral reponn pou sa.

Lè David te retounen sot ann egzil li a, lè li te chape, epi lè li te retounen, sonje, nonm sa a te tonbe fas atè, li te rele pitye. Li krache sou David, soti, men li te prèske pare pou benyen pye l ak dlo nan je l, epi, lè li retounen.

Epi yon jou moun ki te pèse Jezi yo pral wè sa.

Epi moun k ap pèse l jodi a pral wè sa tou. Yo, yon jou, li pral tounen. Sonje byen, Apokalips 22, Li mande pou nou kenbe tout Pawòl li te ekri; chak Pawòl.

124 Kounye a nou konnen Prezans Li isit la. Li konfime. Nou genyen li. Nou fè konfyans, nan semèn kap vini sa a, li pral kontinye ap konfime nan mitan nou; malad yo pral geri, epi gwo bagay pral rive.

Nou pa vle lide popilè a. Nou vle Verite a. Epi nou pa, nou (vle) pa vle—nou pa vle fè fas ak anyen ke sa Bondye te di ki se Verite a. Men, "Se pou w sèten ke peche w yo ap toujou ratrape w." Si li pa fè sa isit la, li pral ratrape w ou nan Jijman an. Kifè, w ap—w ap... Li pral ratrape w yon kote, kounye a. Wi mesye.

125 Men, si w se yon vrè kreyen, ki vrèman aple tankou Jonas, Bondye deja peye pri w la. Desann nan bato sa a ki pral Tasis, nenpòt jan. Bondye te predestine w pou lavi sa a. Wi, mesye. Si ou se yon vrè pitit Bondye, ki aple, vin jwenn Kris. Vini nan plenitid Li. Nan ki wout vwayaj ou peye? Yo peye l pou Niniv, pa pou Tasis. Ou predestine. Bato w la... Gen yon bato k ap pati kounye a, li sou wout li. Kifè, gen yon sèl bagay pou fè, se anbake sou li. E si ou te tankou Bondye, ou p t ap janm gen lapè...

126 Tankou ti neve mwen an, sa gen yon ti tan. Apeprè dizan kounye a, l ap pwonmennen agòch adwat. Yon maten, l ale nan legliz sa a, legliz Katolik sa a laba a, epi li pran sa a poutèt sa yon sen pè di laba a, ak yon lòt *pa si*, epi yon lòt *pa la*. Ki sa li jwenn lèfini? Ou wè? Kounye a li toujou grangou epi li swaf. Mwen te di: "Pitit gason m, plas ou se la devan lotèl la." Ou wè?

Pa gen okenn fason pou echape l. Lè Bondye dèyè w, ou ta fè mye abandone epi kontinye. Se tou.

127 Sonje, Bondye! Ebyen, Bondye te nan bato a. Bondye te nan tanpèt la. Bondye te nan pwason an. Tout kote li te vire, Bondye te la.

Ou wè, Bondye la, epi li pral jis kontinye ap pouswiv ou. Kifè poukisa pou nou rete tann pi lontan? Ann jis kòmanse revèy sa byen. Byen! Kisa w ap tann? Nou kwè ke Vini Seyè a rive, Li pral gen yon Lepouz, e Li pare. Epi nou pa vle okenn bato ki pral nan okenn Tasis. Nou pral Niniv. Eh! Nou pral nan Laglwa. Amèn. Se vre. Nou prale kote Bondye pral beni, e se sa nou vle fè.

128 Alòske nou nan Prezans Bondye, ak kè nou; se pa men nou, sitèlman, men kè nou devan Bondye, jiskaske Li asezonnen nou ankò e ankò ak reyon laglwa Li a, konsa, jouk Li fini; epi Li fè kwit nan nou bonte Li—Li a, e Li fè rive a matirite sa nou genyen an, an reyalite, ou wè, kote nou ka montre lòt moun ke Jezikri ap viv. O, la la! Nou vle kwè sa.

129 Epi sonje, kote Jonas te ale, Bondye te nan bato a; Bondye te nan tanpèt la; Bondye te nan pwason an. Li te kontinye drèt ansanm ak Jonas jiskaske volonte pafè Li te fè. Se vre.

Men, si li te janm dèyè w, ou ta ka eskive *isit la*, epi eskive *la*, men w ap malere jiskaske w retounen epi fè bagay ou te kòmanse fè pou Li an anvan sa. Ou wè? Pa ale, kouri soti nan prezans Bondye. Fè fas a li. Ou kwè se Verite a, lè sa a kite... Si se Verite a, sa vo lapenn pou viv pou li, mouri pou li, e latriye. Men si Li te janm konfime l pou ou, ke li se Verite a, alò nou pa ka kouri, okenn kote. Li pral la, menm jan an tou. Ou pa ka fè li.

130 Pa pwofèt Li te bay la, sila a Li te òdone pou l desann laba epi pwoklame mesaj sa a, kounye a, te sanble Li te ka voye yon lòt pwofèt, men Li te òdone Jonas; e menm Eli pa ta fè sa. Jeremi pa ta fè sa. Moyiz pa ta fè sa. Se Jonas ki te oblije ale Niniv. Se tout sa ki te genyen. Li komisyonè l e li di l pou l ale. E lè li di: "Ale la, Jonas, ale Niniv," pèsonn lòt moun pa ka fè sa eksepte Jonas.

Epi lè Bondye di ou yon bagay, ou dwe fè li; pèsonn lòt moun. Ou wè, nou jis dwe fè fas ak li, epi, epi ale fè li.

131 Nou kwè n ap viv nan lè kote Bondye ap fè yon bagay. Nou kwè n ap viv nan mitan yo kounye a. Mwen kwè aswè a m ap preche kongregasyon sa a ki—ki layite la a, k ap tann la pou l vin mi. Mwen—mwen vrèman kwè sa, ak tout kè m. Mwen ta di se menm bagay la kounye a kòm sa te toujou ye.

132 Kounye a, nou kwè ke lè a rive pou Sen Jan 14:12 dwe akonpli. Nou menm, nou kwè ke Malachi 4 dwe akonpli. Nou kwè ke Lik 17:30 dwe akonpli. Nou kwè ke, tout pwofesi sa yo ke Li te di yo pral akonpli nan jou sa a. Nou kwè yo dwe akonpli, e nou kwè nou wè yo ap akonpli kounye a. Se egzakteman sa.

133 Sispann kouri. Pa soti nan Prezans Li; jis monte nan prezans Li. Se vre. E mwen konnen se sa w dezire fè. Paske, deyò a la, mwen wè plak machin ki soti Texas, ak Louisiana, ak tout kote. Se pou sa nou la a, se pa pou nou kouri soti nan Prezans Li, men kouri vini nan Prezans Li.

Retounen, desann nan...[Espas vid sou kasèt la—Editè a.]...te yon Jonas, si w te mande ki wout pou w ale oswa kisa pou w fè, vini, monte sou bato a avèk nou aswè a. Nou pral desann Tasis, pou nou rele... oswa, Niniv,

pou nou rele. N ap kite bato Tasis sa a ale si yo vle. Nou gen yon devwa anvè Bondye, sa vle di, yon Mesaj ke nou responsab.

134 Kidonk nan semèn k ap vin la a, jis on ti preliminè aswè a, pou m fè nou konnen. Lè m rele, se mwen ki sèl responsab yon Mesaj, frè m. Nou menm predikatè ki chita la a, m pa la pou m blese nou. E noumenm medam ak mesye yo, sou zafè maryaj ak divòs sa a k ap vini an, mwen vle ke nou sonje aswè a. Mwen di tou sa a, pou m fè nou konprann, ke mwen jis responsab anvè Bondye.

Epi ankò la, mwen responsab anvè noumenm tou, pou m di nou Verite a. E m pap di nou anyen lòt ke Verite a, osi lontan ke Bondye fè m konnen sa Verite a ye. Tan ke m pa konn Verite a, m pap di anyen sou sijè sa a, wè, m pap di anyen sou sijè sa a. Men m kwè ke Bondye ap montre m Verite a sou Maryaj Ak Divòs, e m gen konfyans ke L ap kite m fè l soti.

135 Epi lòt Mesaj ke m gen entansyon pote semèn sa a, se, *Kiyès Ki Mèlkisedèk Sa a? Ki Kote Bondye Chwazi Mete Non L?* E kèk bagay konsa, ki se dè Mesaj k ap vini, epi *Doulè Akouchman*. Epi--epi kèk lòt bagay, ki nan-ki nan menm sans lan, e pou konplete *On Nonm Ki Chwazi Madanm Li*. E kèk lòt bagay, Mesaj sa yo, m vle abòde yo semèn sa a. Men m jis vle ke asanble a...

136 Ebyen, si te g on predikatè isit la; m pa isit la, frè m... m pa vle ke nou, oubyen kèk nan manm pa nou, tounen nan legliz nou, epi di: "Frè Branham di *sesi* ak *sela*."

Mwen gen obligasyon parapò a yon Mesaj ke Bondye Toupwisan an ban mwen. Alòske m kanpe isit la aswè a, e Bondye konnen ke se vre, ke toupre rivyè sa anba a...Petèt ke gen moun isit la ki te la a, lè Anj Seyè a te desann la e Li te di m sa L te di m lan, jis la an 1933, jis anba a nan Ri Spring la a. Si w s on etranje isit la, swiv ri a tou dwat. Li nan kwen Ri Spring, la kote w ka manyen rivyè a, e se la ke sa te rive. Se te an 1933. Sa dwe fè apeprè trant-dezan de sa, konsa. O, sa fè trant-...sa fè trant-...trant-dezan de sa, trant-dezan de sa.

Epi kijan L te fè tout bagay sa yo rive. Epi nou soti, pou pote Mesaj la, epi nou te wè malad yo ki geri, avèg yo, epi andikape yo, epi moun ki paralize, epi estwopye, epi tout bagay. Epi nou menm wè mò, ke nou konnen ki te deklare, ki te resisite. Moun k ap mouri, epi ki resisite gen lavi ankò, epi tout bagay sa yo. Si yon Mesaj deklare, gen siy ak mirak!

137 Epi ou toujou wè menm vye lekòl panse sa ke nou te genyen? Sa pat vin de Bondye. Bondye pa bezwen...  
Bondye ap eseye atire atansyon w sou yon Bagay.

138 E alò lè Jezi te soti, Li te kòmanse geri malad, epi fè gwo zèv ak bagay konsa. Li, toujou, Li... Jezi fè l. Epi Moyiz ak Jezi te fè l, ak tout lòt yo. E lè L te isit la, Li te fè l.

Epi L ap fè menm bagay la jodi a. Lè Li voye yon reyinyon konsa, revèy, epi ke L kòmanse yon reyinyon sou latè, ke L kòmanse vanse ak gwo siy ak mèvèy sa yo. E alò ou wè, menm vye lekòl ansèyman sa tounen, g on–g on bagay ki pa mache kèkpa. G on bagay nouvo k ap vini! Lè Jezi vini, aprè, lè...

139 “Se yon bon raben.” Li te ka ale sou nenpòt chè epi preche, lè L t ap geri malad. Lè, o, yo te renmen genyen L Lòtbò a.

Men yon jou lè L al chita, epi Li di: “Mwen menm ak Papa m nou se Youn,” frè, Li pat si popilè apres. Lè L di: “Si nou pa manje chè Mwen, e si nou pa bwè San Mwen, nou pap gen Lavi nan nou. Men moun ki manje chè Mwen, epi ki bwè San Mwen, li gen Lavi etènèl; e M ap resisite l nan dènye jou a.” Lè sa, Li pat tèlman popilè depi lè sa a.

140 Yo di: “Nonm sa a s on vanpi. Nonm sa a s on Bèlzeboul. Se pou rezon sa Li te ka fè bagay sa yo. Li ka predi desten w. Li gade atravè lespri yo–yo epi Li wè panse yo. Li s on divinò.”

Men, sa l te ye, Li--Li te Pawòl Bondye a ki te manifeste pou lè sa. Epi Li te lye ak devwa Li. Li di: “M toujou fè sa ki fè Papa M plezi.” Bondye ede nou fè menm bagay la, fè sa ki fè Papa a plezi.

141 E m espere ke nou tout ap konprann. Si nou pa dakò avè M sou Mesaj sa yo ak bagay konsa, m espere n ap sonje, omwen gen respè sa, ke m gen yon responsablite, epi ke m pa pral Tasis. Mwen an wout pou Niniv, e m–m dwe rele. Ke Seyè a beni nou tout.

Annou koube tèt nou jis on moman.

142 Li prèske nevè edmi. M pa vle kenbe nou, men m ta renmen konnen, aswè a, si posib. Èske gen moun isit la ki–ki pa egzakteman kote yo ta dwe ye an Kris, men nou–nou ta renmen sa, e nou dezire la, èske nou ka jis leve men nou, di: “Frè Branham, priye pou mwen”? Bondye beni w, jis gade men yo. “M–m vle... Mwen la a, Frè Branham, pou m rapwoche m de Bondye.”

Epi si tèt nou leve, men m–m leve tou. Se pou m la. M grangou, menm jan avè nou.

143 Men, o, lòt jou a, youn nan pi bèl bagay ki te rive, e m—m konn kisa pou m fè kounye a. E m–m ap priye ke Bondye pral ba w konpreyasyon sa aklè. Li la. La.. Si g on kesyon nan lespri w, dwe gen yon repons on kote, pou reponn a kesyon sa. Priye m, sè ke Bondye kite w wè repons a kesyon sa pandan moman sa.

144 Si w malad, ke Bondye geri w. Nou pral gen sèvis gerizon, m sipoze, pratikman chak aswè, epi nou pral priye pou malad yo. Nou pral fè tout sa nou kapab pou ede nou, e noumenm, fè tout sa nou kapab pou ede nou. E nou pral travay ansanm, n ap fè Bondye konfyans ke Li pral bannou on gwo reyinyon.

145 Kounye a, Papa Bondye, kèk ti mo koupe sa yo, men yo nan men W kounye a. Seyè, yo te pwononse yo. M dwe kontre avè l. Jis tankou... Pawòl sa yo pa ka janm mouri; yo pral fè tou epi tou tè a, sou yon anrejistreman, epi yon jou m ap dwe tounen fè fas a li dwat. M reyalize sa, Seyè, epi m di l ak pwofon sensèrite.

146 M priye, chè Bondye, aswè a, pou chak grenn nan sa yo, pitit Ou yo. Epi, O Bondye, m konfyan, anvan semèn lan fini, y ap—y ap konprann; ke kesyon an, ki tèlman gran nan lespri yo aswè a, ap regle. Akòde l, Seyè.

147 Gen kèk isi a ki poko konnen W, Papa, kòm Sovè, oswa petèt pat janm ranpli ak Sentespri an. Ke sa fèt nan nwit sa.

148 Seyè, m pa ka ranpli pèsonn ak Sentespri a; nitou m pa ka sove pèsonn. M ka sèlman di yo sa W te di: “Ke sila yo ki grangou epi swaf pou lajistis beni, paske yo va ranpli.” E m priye konsa, Bondye, ke W va tèlman kreye yon grangou nan kè yo.

Anpil, Seyè, yo dwe grangou; kijan yo t ap fè kondwi de santèn de kilomèt, atravè glas ak tout bagay, epi sou mòn lapli, epi atravè dezè yo, pou vin nan yon vyep ti plas isit la nan kwen lari an! Apresa m panse, Ou te di: “Kote Kakas la ye, se la èg yo t ap rasanble.” Nouri nou, Seyè, ak Lamàn Diven an. Bay nanm nou sa ke nou vrèman bezwen. Nou swaf pou Ou, Papa. Nou nan men W kounye a.

149 Kite gran Sentespri an ki te desann sou mòn lan lòt jou anwo la a, m priye ke L ap satire chak kè anndan isi a ak bonte Li ak mizèrikòd Li, ak konprann. Nou reyalize, Papa, se sa nou bezwen, se pou konprann. Paske si nou pa konnen kisa n ap fè, alò kijan n ap konprann kòman pou fè l? Men nou dwe gen konprann. Jan Danyèl te di a, li te gen “konprann pa Ekriti pwofèt Jeremi an.” Epi, Papa, nou gen konprann pa Ekriti Sentespri an, antan L ap revele L ban nou nan lè sa. Ban nou, Seyè, dezi ke nou genyen pou Ou. Ak tandrès nou mande sa, Papa, pou glwa Ou, nan Non Jezikri.

150 Kounye a ak tèt nou koube. Padan sè nou ap chache akò sa, “L ap ban mwen gras ak glwa, epi Li pral avè m nèt ale.” M vle nou jis priye an silans kounye a epi mande Papa ki nan Syèl la ke Li va akòde nou, aswè a, sa ke nou bezwen.

151 Chè frè, chè sè, Li jis toupre menm jan bra nou ye pou nou an. Nou, nou te kwè nan—nan lòt bagay, alò kwè mwen pou sa. Li isi a pou ban nou kèlkeswa sa nou bezwen an.

152 O, dènye kèk semèn yo m te tèlman grangou, tèlman swaf, tèlman gen nostalji lakay mwen, pou wè nou. Se pou rezon sa m te di: “Billy, ann al lakay.”

Meda te di: “Poukisa w vle tounen la, nan peyi frèt sa a ankò, Bill? Ou toujou atrape mal gòj ak tout bagay. Ou toujou soti, epi fredri nan tèt, epi w anwe, epi apèn si w ka pale.”

153 M te di: “Ebyen, m pa konnen.” M te di l...M wè zanmi m, Charlie Cox, chita dèyè a la. M te di: “M jis prese tande Charlie Cox di: ‘Ti ekirèy sa a te grenpe pyebwa sa a bò la.’ M jis vin tèlman grangou pou tande sa.” M—M jis vle—vle pou m bò kote nou.

154 M konnen Frè Banks mwen an te vin trè malad. Epi m te wè yon vizyon de li, isi a sa pa fè lontan, epi l te kouche sou do l. Epi m konnen li pase toupre pou l te kite nou, dènyèman. Lè m gade diferan moun nou yo...

155 M te vini lòt jou swa, nan reyinyon Om Dafè Kreyen yo, entènasyonal. Vye “Pop” Shakarian, papa Demos, li te konn chita la epi jis kontinye ap gade jouk mwen antre, apres a li t ap souri, epi ti siy ak men sa, li t ap fè m siy ak men l. Li pat la. Li te pati.

Après a m te dwe vini pou fanmi sa, ak ENSI DI SEYÈ A, pitit fi yo a pral mouri, tou. Florence, m te wè l nan yon vizyon, te wè l ale. Epi m konnen li prale. Epi m di: “Priye, jis priye. Nou konnen gen...Yo te di yon pwofèt yon fwa pou l al di yon wa mete kay li an òd. Epi li te priye, epi Li te epaye vi li, kenzan de plis.” M te di: “Priye.”

156 Men, nou gade, epi m—m tounen...M chita bò isi a nan yon restoran, lòt jou, ap manje. Yon mesye te mache sou mwen, te di: “Èske w pa Billy Branham?”

M te di: “Wi.”

157 Petèt li pat rekonèt mwen, poutèt m te mete sou pati chòv sa a sou tèt mwen. M te mete ti fo cheve sa a, pou anpeche m gen gòj fè mal pandan reyinyon sa.

Li te mache vin jwenn mwen, li te di: “M te panse m te konnen w, Billy.”

M te di: “Wi.” M di: “Kimoun ou ye?”

Li te di: “M se John Warman.”

M di: “Kijan Zip ye?”

Li di: “Billy, li mouri.” En!

158 M t ap desann nan palèdjistis lan; te desann pou peye taks mwen. Ap desann nan palèdjistis lan, epi yon dam te rele m, epi l te di: “Èske w te konnen Jan ale?” Oswa, yon non. Li ka pat Jan; Ed, oswa on bagay konsa. Epi m te di...M pat konn madanm lan. M te santi m anbarase. Epi vin dekouvri, m pat konn kimoun li te ye.

Li te di: “Èske w sonje yon nwit fènwa lè rivyè an te monte sou riv la deyò isi a, epi dlo te bwote kay yo ale, sou ri Chestnut, epi ou te riske vi w pou al nan yon plas epi fè yon madanm ak kèk timoun piti soti?”

M di: “Se te ou?”

159 Li te di: “M—m se dam lan.” Li te kòmanse rele fò pou bebe l la; nou konn istwa mwen an. Li te di: “Sila a ke m te rele ‘bebe m lan,’ li marye epi l gen yon fanmi.” Ou wè? Epi men li, granmoun epi ak cheve gri; epi men mwen, tou.

160 Grenn pa grenn, kat pa nou soti nan rak la, jan sa te ye a. Epi nou gen reyinyon, epi m rate *sila* a, rate *sila* a. Nou tout dwe disparèt, youn nan jou sa yo.

Men, frè, sè gen yon Plas pou rasanble. Ann sèten kounye a ke nou an règ. Èske n ap fè sa? Pa kite tout konprann nou de Bondye, e latriye, ale pou granmesi. Ann kwè.



161 Papa, yo nan men W. Mwen nan men W, Seyè, Nou sèlman isi a nan dedikas kounye a, anvan reyinyon k ap vini an k ap kòmanse demen swa. Èske W ap ede nou, Seyè? Se pou—se pou konvèzasyon nou san rete sou Ou! Se pou kè nou ak lespri nou rete sou Ou, epi Ou te di Ou t ap kenbe nou nan lapè pafè. Sa ekri nan Bib lan tou: “Pa apiye sou pwòp konprann pa nou yo.” O Bondye, nou pa vle konprann pa nou yo; nou vle konprann pa W yo. Ban nou yo, O Bondye. Epi se pou revèy la vini nan nanm nou jouk gwoup moun sa ap jis yon sèl kè ak yon sèl akò. Akòde li, Papa. Akòde bagay sa yo, pandan nou priye nan Non Jezikri.

Jouk Jezi vini chache m

Pou L ka ban mwen lajwa.

Prè lakwa, Prè lakwa,

Mwen vle touj-...

Ann leve men nou)...toujou;

Jouk Jezi vini chache m

Pou L ka ban mwen lajwa.

Jezi, kenbe m prè lakwa,

San Ou te vèse la,

Pou L ka pirifye...(wi, Seyè, gratis)...tout nanm,

Ki ta plonje Ladann.

Prè lakwa, prè lakwa

Mwen vle toujou rete;

Jouk Jezi vini chache m

Pou L ka ban mwen lajwa.

162 [Frè Branham kòmanse ap fredone *Prè Lakwa A*—Editè a.] O Bondye! Si gen nenpòt nan nou ki santi tankou nou ta renmen pwoche epi met ajenou bò lotèl la, si nou ta jis renmen vini, di: “M pa kote m ta dwe ye, Seyè. M—m

vle fè yon rekonsekrasyon. M vle fè l aswè a, Seyè.” Nou byenvini pou n vini. N ap isi a pou priye avè nou. [Frè Branham kontinye ap fredone *Toupre Lakwa A.*]

Prè lakwa, Prè lakwa,  
O, Mwen vle toujou rete;  
Jouk Jezi vini chache m  
Pou L ka ban mwen lajwa.

Jezi, kenbe m prè lakwa,  
San Ou te vèse la,  
La Limyè Li te antre,  
Li te chanje kè mwen.

Prè lakwa, Prè lakwa,  
Mwen vle toujou rete;  
Jouk Jezi vini chache m  
Pou L ka ban mwen lajwa.

163 Ann jis priye, chak moun nan pwòp fason w kounye a. Jis—jis bliye tan. Ann jis koube tèt nou nan Prezans Li. Ti dam sa a isi a, ap rele: “Mwen renmen W, Jezi!” Nou sonje lè nou te sove, plizyè lane de sa, sonje kijan sa te dous pou nou? Li jis dous menm jan an aswè a. Ann priye, tout moun nan pwòp fason pa nou kounye a. Ann jis—annou tout jis konsakre tèt nou bay Bondye, jis dedikase tèt nou bay Seyè an.

164 Che Seyè Jezi...[Pati blanch sou kasèt—Editè a.]

Kouran tout rekonfò mwen,  
Pi plis pase lavi pou mwen,  
Kimoun mwen gen sou latè apa de Ou?  
Oswa kimoun nan Syèl ke Ou?

Chè Bondye, nou priye kounye a ke mizèrikòd Ou ak gras Ou ap voye sou chak ak nou tout, Seyè. Nou isi a bò lotèl la. Anpil pat ka pwoche; W ap rankontre yo nan chèz yo. Kèlkeswa sa nou ofri, Seyè, Ou dispoze resevwa. Si nou jis ofri W tan nou, W ap resevwa l; talan, W ap resevwa l. Men, Seyè Bondye, aswè a nou pral pi lwen pase sa, n ap ofri tout sa nou ye. Tout sa m ye, tout sa m te janm espere ye, tout nan Ou, Seyè. Nou priye ke W va pran sa, priye nou yo, nan kè W, Seyè, epi ban nou nan gran pwofondè Sentespri an, konsa lavi nou va chanje. Paske, nou wè ke nou toupre fen an kounye a. Pa ka twò long ankò. E kòm nou wè byenneme nou yo ap tonbe, jou apre jou, jenn kou granmoun, nou konnen byento sa dwe frape nan pòt nou. E aswè a, Seyè, pandan nou nan bon lespri nou, chita isi a, oswa ajenou isi a, kanpe isi a, kèlkeswa pozisyon nou ladann lan, resevwa nou, Seyè Bondye.

165      Pran m, Seyè. M pa gen anyen, men kèlkeswa sa m ye a, Seyè, si W ka pran nenpòt itilite nan mwen, m dedikase tèt mwen ba Ou.

166      M priye, chè Bondye, pou chak grenn nan sa yo. Chè moun sa yo ke m te kanpe laba an nan mòn yo nan Arizona epi m te kriye pou yo, epi men yo ajenou isi a bò lotèl la avè nou aswè a, ap priye, ap konsakre lavi yo. Nou renmen W, Papa, plis pase pwòp lavi nou. Nou renmen w plis pase fanmi nou yo. Nou renmen W plis pase madanm, pitit, papa, manman, sè, frè, mari, madanm. Nou renmen W, Seyè Jezi. Fè sa tèlman reyèl nan kè nou, Seyè. Vide lwil kontantman an, semèn sa a, Seyè, nan nanm nou. Ban nou yon ben-y, yon lavaj Pawòl la, ak dlo Pawòl la, k ap separe Verite a pou nou.

167      Anpil isi a aswè a, Seyè, epi y ap isi a, ki gen konfizyon sou sijè sa yo ki gen gwo enpòtans. O Bondye, louvri fontèn sa a nan kay Bondye a, ki—ki pou netwaye nou. M priye, Bondye, ke W va lave nou epi netwaye nou nan San Ou, epi fè nou nouvo kreyati. Epi ban nou gras ak fòs, pou pote Pawòl Verite a nan revelasyon Diven Li de Èt Jezikri an.

Se pou Li parèt devan nou, Seyè. Se pou Li vini epi geri maladi nou, padone peche nou yo, ranpli kè nou ki grangou ak bon nouvèl gran lajwa, Levanjil ki te manifeste nan lavi nou.

Beni chak pastè, chak kondiktè chan, chak anseyan lekòl di diimanch. Beni nou tout, ansanm, Seyè, paske vrèman nou renmen W. Epi kounye a nou pou Ou, Seyè, nan dedikas sa a. Nan Non Jezikri, itilize nou kounye a selon Pwòp volonte W.

Lafwa m gade sou Ou,

Oumenm Ayo Kalvè,

O Sovè Diven;

Kounye a tandè m pandan m ap priye,

Retire tout peche m,

O kite m apati de jou sa a

Pou m pou Ou an antye!

Nou renmen sa? Ann chante ankò.

Pandan m mache nan labirent fènwa lavi,

Epi chagren gaye nan viwonn mwen,

O, se pou W Gid mwen;

Ke fènwa tounen lajounen,

Siye dlo chagren nan je m,

Ni pa janm kite m elwaye

Sot bò kote W.

Èske sa fè nou santi nou byen? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Konbyen moun ki renmen chante ansyen chante sa yo? ["Amèn."] M jis renmen yo. Pa nou?

O, n ap mache al Siyon,

Mèveye, mèveye Siyon;

N ap mache monte al Siyon,

Mèveye Vil Bondye sa a.

O, n ap mache al Siyon,

O, mèveye, mèveye Siyon;

N ap mache monte al Siyon,

Mèveye Vil Bondye sa a.

Vini, nou ki renmen Seyè a,

E kite yo konnen lajwa nou,

Antre nan chante a ak akò ki dous,

Antre nan chante a ak akò ki dous,

E konsa antoure Twòn lan,

E konsa antoure...

Kounye a, ann kanpe kounye a antan nou chante l. Bay youn lòt lanmen.

Ap mache al Siyon,

Beni ou, sè! Beni w, sè! Beni w, frè! Beni w, sè! [Frè Branham kontinye salye moun yo—Editè a.]

Mèveye Vil Bondye sa a.

Ann leve men nou anlè kounye a bay Bondye.

O, n ap mache al Siyon,

Mèveye, mèveye Siyon;

N ap mache monte al Siyon,

Mèveye Vil Bondye sa a.

O, n ap mache al Siyon,

O, mèveye, mèveye Siyon;

N ap mache monte al Siyon,

Mèveye Vil Bondye sa a.

Èske sa pa fè nou santi n mèveye? [Asanble rejwi—Editè a.] O la la, la la! O, ann jis leve men nou epi jis louwe Li nan pwòp fason pa nou.

168 Seyè Jezi, Oumenm Woz Sawon an, Lis Vale an, Zetwal Klere Maten an, Pi Bèl nan di mil pou nanm mwen. Oumenm Kouran tout rekonfò mwen, plis pase lavi pou mwen! Ala nou renmen Ou! Tande nou, O Seyè. Kijan nou di W mèsi! O! [Pati blanch sou kasèt—Editè a.] Ala nou louwe Ou! Beni sa yo, presye Seyè nou ak Sovè nou! Akòde bagay sa yo, Seyè. Akòde l. [Frè Branham ak asanble an kontinye ap priye epi ap louwe Bondye.]

Toupre lakwa,

Se pou glwa m la tout tan;

Jouk nanm anlve mwen va jwenn

Repo pi lwen rivyè a.

169 Yon fason, yon lòt, m jis santi nou pral... Gen yon bagay kap tann nou dwat. Kounye a, jis sonje, m kwè m ap pwofetize. Gran lajwa ap tann. Kwè li. Se vre. Anpil kè chagren ap vin...Gran mistè ap vin klè, epi moun ki chagren ap tounen nan lajwa. [Asanble rejwi—Editè a.]

Toupre lakwa, toupre lakwa,

Se pou glwa m la tout tan;

Jouk nanm anlve mwen va jwenn

Repo pi lwen rivyè a.

170 Menm jan ak Jan nan ansyen tan, lè li te vin twò granmoun pou l preche, li tap jis chita epi rele fò, yo di mwen, ak tout fòs li: "Timoun piti, renmen youn lòt!" Renmen youn lot. Pa kite anyen vin nan mitan nou, ou wè. Kenbe tout, tout bagay lwen... Ya, sa pa enpòtan kisa l ye, fè fas a li. Nou sou wout pou al Niniv. Ou wè? Pa monte sou vye bato Tasis sa a, ki fè nou soti nan konpayi an. Ann avanse dwat monte nan kouran benediksyon Bondye yo. M kwè nou pral genyen l. M kwè Papa nou.

171 Santi w pi byen kounye a, sè? Se byen. Se fason sa a m renmen wè timoun k ap fèt, kap pase. [Sè an kontinye priye epi rejwi—Editè a.]

M ka jis panse a dè zane de sa, dwat sou tè sa yo, konbyen milye ki te ne nan Wayòm Bondye an, dwat sou tè sa a. Jan nou pat konn gran choz, lè nou te kanpe isi a ak katreven santim nan pòch nou, pou bati legliz la avè ! O, Li te di: "Mwen Seyè an te plante l; M ap wouze li lajounen kou lannwit." Epi li te fè l. Li te fè l.

Bondye beni nou. Kounye a lè nou koube tèt nou...

172 Bon, demen swa, sonje, sèvis yo ap fèt anwo nan oditoryòm lekòl la isi a. E si...N ap gen yon moun ki poste isi a kounye a, pou montre moun yo kòman pou yo rive la a, paske nouvo moun ap vini.

173 Nou renmen Li, di: "Amèn." [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] O, èske Li pa mèveye? ["Amèn."]

174 M te kanpe anba isi a bòdlo a, epi chante ansyen chante sa a:

Sou bòdlo Jouden dechennen an mwen kanpe,

Reflechi, sa te fè trant an de sa, tranntwa, tranntwa zan de sa.

Epi voye je plen lespwa,

Sou Kanaran bèl tè kontan,

Kote byen m yo ye.

Epi anpil ke m te batize, jou swa sa a, yo lòtbò la a kounye a. Lè, yo te kanpe la a epi te temwen de Zetwal Maten sa a kap desann sot nan syèl, ap sèkle fè tou an kon sa, te di: "Menm jan yo te voye Jan Batis pou pote, pou anonse premye vini Kris la, Mesaj ou a ap anonse dezyèm Vini an." Kijan yo te ka panse sa? Men, tout Pawòl Bondye yo vre, tout Pawòl Bondye yo. N ap viv nan Prezans gran Wa an. Bondye beni nou.

175 Pandan nou koube tèt nou, m pral mande Frè Neville, presye pastè nou a, vin isi a epi voye nou ale nan lapriyè. Bondye beni w, Frè Neville.